

---

# **amnisti entènasyonal**

---

## **Ayiti**

### **Dezameman ki pa fèt lakòz lajistis pa aplike**



**Public**  
**AI Index: AMR 36/005/2005**



## TAB DE MATYÈ

<b>POU KÒMANSE.....</b>	<b>1</b>
Konteks .....	2
Amnisti Entènasyonal .....	3
<b>1. NESESITE POU DEZAMEMAN FÈT .....</b>	<b>4</b>
<b>2. MINUSTAH YON LANE APRE .....</b>	<b>7</b>
Mete sekirite nan peyi a.....	9
Pwoteksyon pou popilasyon sivil.....	9
Pwoteksyon ak pwomosyon dwamoun .....	10
<b>3. LAPOLIS NASYONAL AYISYEN SOU KEKSYON DWAMOUN .....</b>	<b>11</b>
Lalwa peyi Dayiti ak obligasyon leta .....	13
Egsekisyon Ekstrajidisyè ak asasina ilegal .....	15
Arestasyon Abitè .....	17
<b>4. ABI SOU DWAMOUN PA GWOUP AME AK GANG .....</b>	<b>18</b>
Gang ame.....	18
Ansyen militè .....	18
Chef Seksyon .....	19
<b>5. ADMINISTRASYON LAJISTIS .....</b>	<b>20</b>
Detansyon prevantif pandan lontan .....	21
<b>6. FANM AK TIMOUN K AP KONFWONTE ABI.....</b>	<b>22</b>
Vyolans kont fanm .....	23
Vyolans kont timoun .....	25
<b>7. KONKLIZYON AK REKÒMANDASYON .....</b>	<b>26</b>
Rekòmandasyon pou gouvènman enterimè.....	26
Rekòmandasyon pou MINUSTAH .....	30
Rekòmandasyon pou kominote entènasyonal.....	32
Rekòmandasyon pou Nasyonzini.....	33



# AYITI

## Dezameman ki pa fèt lakoz lajistis pa aplike

### POU KÒMANSE

Pèp ayisyen an pran nan yon kriz sou keksyon dwamoun malgre prezans yon fòs Nasyonzini pou mentni lapè ki rele Misyon Nasyonzini pou Estabilizasyon ann Ayiti (MINUSTAH an franse). An reyalye, pa genyen okenn pwogrè ki fèt toutbonvre parapò a pwoteksyon dwamoun depi gouvènman enterimè a monte opouvwa nan kòmansman mwad Mas 2004 epi pandan yon lane depi MINUSTAH rive ann Ayiti. Krim vyolan, konfwontasyon ant gwoup ame epi gang, epi isaj ilegal lafòs pa lapolis kontinye ap fè viktim nan popilasyon sivil la toulejou.

Sitiyasyon dwamoun kapab vin pi malouk pandan peryòd elektoral la ki pral fèt nan fen lane 2005. Detansyon abitè ki genyen motivasyon politik, maspinay, egzeksyon ekstrajidisyè, asasina abitè e delibere sivil, kadejak, menas lanmò ak entimidasyon vin yon woutin et tou sa ap fèt ak enpinite. Abi sa yo ap fèt nan yon konteks kote ensekirite ak vyolans andemik ap vale teren. Pami moun yo di ki responsab zak sa a yo genyen gwoup ame ki petèt genyen relasyon politik ak ansyen Prezidan Jan Bètran Aristid (Jean-Bertrand Aristide), ofisyè lapolis devwaye, ansyen rebèl kòm manm demobilize ansyen Fòs Ame Dayiti (Forces Armées d'Haïti, FADH), epi krim òganize.

Pifò nan kriz sa a sòti nan rebelyon ame ki te jete ansyen Prezidan Aristid an Fevriye 2004 epi nan chirepit anndan peyi a sou keksyon lejitimite gouvènman enterimè Jera Latòti (Gérard Latortue) ap dirije. Depi 30 Septanm 2004, plizyè santèn moun mouri nan eksplozyon vyolans ki akonpaye yon seri manifestasyon pati politik Jan Bètran Aristid, Fanmi Lavalas, òganize pou komemore trèzyèm anivèsè koudeta ki te jete Prezidan Aristid an 1991. Dapre sa yo di, se gang ame k ap sipòte Jan Bètran Aristid ak ofisyè lapolis nasyonal ayisyen (PNH an franse) ki ta responsab asasina sa a yo. Dapre sa yo di, gang sa a yo ta responsab anpil asasina, pami yo asasina ofisyè lapolis.

Kriz politik k ap repete ann Ayiti genyen rasin yo nan yon tradisyon ansyen kote abi sou dwamoun fèt ak enpinite. Kriz aktyèl la pa yon eksepsyon.

Yon kriz imanité grav ap konplike vyolans politik sa a. Ayiti se peyi ki pi pòv sou kontinan ameriken an e li okipe 153yèm plas pami tout peyi nan lemond dapre Endeks Devlopman Imen. Esperans lavi, pou fanm kòm pou gason nan moman yo fèt, mwens pase 50 lane epi mòtalite enfantil chita sou 79 pou 1000 an 2002. Analfabetis toupatou e apeprè detyè popilasyon ap viv nan malsite. Analfabetis ak lamizè piwo nan zòn riral yo kote apeprè detyè popilasyon an (8 milyon moun) ap viv. Apre peyi ann Afrik ki nan sid Sahara, Ayiti se peyi ki genyen pi gwo pousantay moun – 5.6% popilasyon an – k ap viv

ak SIDA oubyen jèm SIDA. Se kèk moun sèlman ki jwenn tretman pou SIDA poutèt sistèm sante piblik pa genyen sifizaman lajan.<sup>1</sup>

Poutèt sitiyasyon malouk sa a, kominote entènasyonal la te vin mobilize resous li. Nan yon Konferans Entènasyonal Peyi Donatè yo te fè nan Wachintonn DC sòti 19 rive 20 Jiyè 2004, kominote entènasyonal la te etidye kokennchenn efò ki nesèsè pou rekonstri peyi Dayiti. Amnisti Entènasyonal te mande pou patisipan yo sipòte plan pou pwoteje epi fè pwomosyon dwamoun epi mete lajan deyò pou reyalize bi sa a yo. Reyaksyon kominote entènasyonal la te jenere epi te depase sa moun t ap espere. Sepandan, pwomès yo te reyalize sèlman pasyèlman nan peryòd apre konferans la. Pandan tan sa a, pèp ayisyen toujou ap konfwonte yo seri gwo pwoblèm nan lavi l.

Pwoliferasyon zam vin konplike kriz politik la. Nan sans sa, dezameman reprezante pwoblèm prensipal ki pi enpòtan pou peyi Dayiti nan moman l ap prepare pou l fè eleksyon ann Oktòb epi Novanm 2005 pou l kapab retounen anba yon sistèm demokratik.

An Jen 2004, nan yon rapò Kofi Anann (Kofi Annan), Sekretè Jeneral Nasyonzi, te fè, li te konkli, « yon efò sou plizyè lane ak yon angajman entènasyonal nesèsè pou rekonstri estrikti ekonomik ak sosyal epi sipòte gouvènman ak pèp ayisyen pou y kapab bati enstitisyon demokratik yo ansanm ». <sup>2</sup> Konsey Sekirite Nasyonzi te vin ranfòse angajman sa a lè te deklare 12 Janvye 2005 « Li sipòte prezans Nasyonzi ann Ayiti toutotan sa nesèsè ». <sup>3</sup>

## **Konteks**

Nan kòmansman lane 2004 mekontantman ak manifestasyon popilè kont gouvènman Jan Bètran Aristid t ap vale teren. Represyon opozan gouvènman an – pa lapolis ak gang ame yo rele chimè, ki te resevwa lajan nan men gouvènman an, dapre sa yo di -- te malouk anpil. 5 Fevriye, konfli te eklate nan Gonayiv e rebelyon te blayi rapidman nan lòt zòn. Pami rebèl yo te genyen prensipalman manm ansyen FADH, ki te disoud an 1995, manm òganizasyon paramilitè FRAPH (Front Révolutionnaire pour l'Avancement et le Progrès d'Haïti) yo te disoud tou, epi yon gang kriminel ki gen baz li nan Gonayiv yo rele Lame Kanibal (Armée cannibale). Rebèl ame yo t ap opere anba kòmandman Gi Filip (Guy Philippe), ansyen Komisè PNH, Lwi Jodèl Chanblen (Louis-Jodel Chamblain), ansyen kòmandan adjwen FRAPH e yon vyolatè dwamoun yo te kondane.

29 Fevriye, Prezidan Aristid te sove kite peyi a nan sikonstans ki pa klè nan moman rebèl yo t ap menase mache sou Pòtoprens. Bonifas Aleksann (Boniface Alexandre), Prezidan

---

<sup>1</sup> UN Development Programme (UNDP), Rapò sou Devlopman Imen ann Ayiti, 2003. Nou kapab jwenn rapò sa a nan: [http://hdr.undp.org/statistics/data/cty/cty\\_f\\_HTI.html](http://hdr.undp.org/statistics/data/cty/cty_f_HTI.html).

<sup>2</sup> Economic and Social Council, “Long-term programme of support for Haiti”, Rapò Sekretè Jeneral, 16 Jen 2004 (E/2004/80), paragaf 44.

<sup>3</sup> Konsey Sekirite Nasyonzi, “Statement by the President of the Security Council”, 12 Janvye 2005 (S/PRST/2005/1).

Tribinal de Kasasyon, te prete sèman preseprese kòm Prezidan transitwa. Menm jou sa a, yo te deplwaye yon Fòs Miltinasyon Enterimè (MIF ann angle) nan peyi a ak otorizasyon Konsey Sekirite Nasyonzini pou yon misyon ki t ap dire twa mwa. Yo te nonmen Jera Latòti Premye Minis enterimè 9 Mas.

An Jen MINUSTAH ranplase MIF ak yon manda pou l ede, pami lòt konsiderasyon, gouvènman transitwa asire sekirite ak establite epi ede l refòmè PNH.

Aprè 30 Septanm ensekirite te vin ogmante anpil nan kapital la nan moman te genyen yon kokennchenn manifestasyon pa patizan Pati Fanmi Lavalas. Apre sa, anpil abi, pami yo dekapitasyon twa polisye, te komèt, dapre sa yo di, pa manm gang ame ki ta genyen koneksyon ak Pati Fanmi Lavalas kòm pa manm PNH. Ann Oktòb, Polis Sivil Nasyonzini (CIVPOL ann angle) ak ajan PNH kòmanse fè operasyon ansanm nan katye pòv nan kapital la nan yon efò pou kwape vyolans andemik e nan menm moman an, nan plizyè zòn nan peyi a, solda demobilize ak ansyen solda t ap aji kòm otorite de facto, yon sitiyasyon ki prezante yon gwo menas pou dwamoun.

### ***Amnisti Entènasyonal***

Yon delegasyon Amnisti Entènasyonal te vizite Ayiti an Mas epi Avril 2004. Delege l yo te resevwa anpil temwayaj sou abi sou dwamoun pa PNH, rebèl ak gang ame ki genyen oryantasyon politik opoze, nan kontèks rebelyon vyolan an Fevriye 2004. Enfòmasyon Amnisti Entènasyonal te ranmase pandan vizit sa a te pibliye nan yon rapò ki entitile Kwape espiral lavyolans : Yon dènye chans pou Ayiti ? ki te sòti 21 Jen 2004.<sup>4</sup>

Ann Oktòb epi Novanm 2004, delege Amnisti Entènasyonal te retounen nan peyi a pou ankete sou sitiyasyon dwamoun. Delegasyon an te vizite kapital la, Pòtoprens, epi Mibalè, Ench, Okap, Gonayiv ak Tigwav. Delege yo te rankontre ak otorite nan gouvènman an, ofisyèl lapolis, ofisyèl MINUSTAH, òganizasyon dwamoun, viktim ak fanmi y, avoka ak aktivis dwamoun, pami yo aktivis k ap travay sou dwa fanm, epi gwoup k ap travay sou reyabilitasyon viktim abi sou dwamoun. Delege yo jwenn yon sitiyasyon kote vyolans grav, enpinite total kapital ak absans aplikasyon lalwa prezan toupatou nan peyi a. Yon pati nan enfòmasyon ki sèvi nan rapò sa a te kolekte pandan vizit sa a. Rès enfòmasyon an se rezilta ankèt òganizasyon an ap kontinye fè. Ka ki site nan rapò a reprezante kèk egzanp ki ilistre abitud parapò a vyolasyon dwamoun Amnisti Entènasyonal idantifye.

Amnisti Entènasyonal ap pibliye rapò sa a pou atire atansyon kominote entènasyonal la poutèt li twouble parapò a sitiyasyon dwamoun k ap kontinye e ki poko jwenn solisyon. Òganizasyon vle tou lonje dwèt sou abi grav pa gwoup ame kòm sou rekil MINUSTAH anrejistre parapò a pwoteksyon popilasyon sivil la kòm retablisman lalwa. Amnisti Entènasyonal espere enfòmasyon li pibliye nan rapò sa a pral ankouraje MINUSTAH pou

---

<sup>4</sup> Amnisti Entènasyonal, Kwape espiral lavyolans : Yon dènye chans pou Ayiti ? (AI Index: AMR 36/038/2004). Nou kapab jwenn rapò sa a nan:  
<http://web.amnesty.org/library/index/fraAMR360382004?open&of=fra-hti>.

I pran bonjan mezi pou kwape abi kont sivil ki pa ame. Li espere tou rapò pral estimile yon deba anndan peyi Dayiti asavwa kouman pou fini ak yon kilti enpinite e yon listwa ansyen parapò a abi grav sou dwamoun.

## 1. NESESITE POU DEZAMEMAN FÈT

*« Pwoliferasyon zam ak gwoup ame jwenn ak klima enpinite k ap kontinye entrave respè pou dwamoun ».<sup>5</sup>*

*« Angajman inifye gouvènman enterimè an pou yon estrateji total kapital pou fè dezameman, demobilizasyon epi reyentegrasyon souolve keksyon ».<sup>6</sup>*

Ranfòsman lapè, sekirite epi lalwa depann sou dezameman, demobilizasyon ak reyentegrasyon (DDR) total kapital tout gwoup ame. Tout inisyativ ki pran pou retabli dwamoun fèt pou baze sou DDR efektif ki, an konsekans, fèt pou l se yon priyorite pou gouvènman enterimè a, pou sosyete ayisyen, pou MINUSTAH, kòm pou kominote entènasyonal la an jeneral.

Kontwòl zam te toujou yon tètchaje depi Jan Bètran Aristid te tounen kòm Prezidan an 1994 ak sipò yon entèvansyon militè anba kontwòl ameriken apre lame te jete l 3 zan anvan. Yon dal gwo kòm ti zam ap sikile ann Ayiti nan men ansyen rebèl ak ansyen manm lame, gang kriminel ki petèt genyen afilyasyon politik, gad sekirite ak sivil. Tout ayisyen gen dwa konstitisyonèl pou y genyen zam afe ak otorizasyon lapolis men sikilasyon ak posesyon zam – prensipalman sou yon baz ilegal – blayi toupatou depi plizyè lane.

Dapre ankèt yon òganizasyon ki rele Small Arms Survey (SAS), ki gen baz li a Jenèv, te fè an 2004 epi nan kòmansman 2005, ta genyen apeprè 170,000 ti zam nan men endividi, divès gwoup ame ak gang kriminel, ajans sekirite epi ofisyèl k ap ranfòse lalwa.<sup>7</sup> Dapre SAS, pa genyen yon rejis ki konplè, egza epi ajou pou zam afe ; yon rejis te egziste men

---

<sup>5</sup> Rapò Sekretè Jeneral Nasyonziini sou MINUSTAH, S/2004/908, paragraph 41.

<sup>6</sup> Rapò Konsey Sekirite Nasyonziini sou misyon l ann Ayiti, S/2005/302, 6 Me 2005.

<sup>7</sup> Robert Muggah, *Securing Haiti's Transition: Reviewing Human Insecurity and the Prospects for Disarmament, Demobilization and Reintegration*, Small Arms Survey, 2005.



yo te fèmen l menmsi kèk pèmi te bay nan kòmansman 2005. Dapre chif ofisyèl ki nan rapò a, jiska 2001 PNH te anrejistre 20,300 zam legal nan posesyon sivil.<sup>8</sup>

Egzibisyon piblik zam pa ansyen rebèl kòm ansyen militè reprezante yon fenomèn ki fèt souvan e ki tolere pa otorite yo kòm pa ofisyèl MINUSTAH. Malgre ansyen militè yo menase an plizyè fwa pou y jete gouvènman an, okenn aksyon kredib pa janm pran anvan Desanm 2004 pou dezame y oubyen ekspilse y nan biwo leta oubyen estasyon lapolis yo te okipe.

Depi gouvènman enterimè monte opouvwa an Mas 2004, okenn efò serye pa janm fèt pou konfwonte pwoblèm dezameman menmsi vyolans epi lanmò ak zam afe ogmante anpil. Li klè gouvènman manke volonte politik pou konfwonte pwoblèm sa a kòm sadwa menmsi li genyen sipò MINUSTAH pou l devlope epi aplike yon pwogram DDR. Sekretè Jeneral ak Konsey Sekirite Nasyon zini mande otorite ayisyen yo an plizyè fwa pou y konfwonte pwoblèm dezameman ak ijans ; sepandan, aplikasyon yon pwogram DDR total kapital ap tann toujou.

Aktivite DDR minim ki fèt pandan prezans Nasyon zini pandan yon lane kapab genyen yon enpak negatif sou klima politik la pandan peryòd elektoral – e sitiyaasyon sa a nesite atansyon kominote entènasyonal la. Pwoliferasyon zam jwenn ak chomaj (apeprè 60%) epi chirepit ant divès sektè politik e sosyal deja lakòz devlopman yon sitiyaasyon ki volatil anpil ; gras a prezans MINUSTAH sitiyaasyon sa a plizoumwon kontwole.

Yon efò limite te fèt an 2004 pou ankouraje ayisyen remèt zam yo volontèman. Sepandan, inisyativ sa te manke bonjan chapant ki ta pèmèt konsiderasyon pi gwo pwoblèm ki anrasine nan keksyon dezameman. Gouvènman enterimè a te fikse 15 Septanm kòm dat limit pou moun remèt zam yo volontèman. Apre dat sa a, otorite yo te endike PNH ak sipò MINUSTAH ta kapab pran mezi pi aktif pou dezame gwoup ki ame ilegalman. Sepandan, dat sa vin pase e li klè otorite ayisyen yo kòm MINUSTAH pa te devlope yon pwogram entegre pou kòmanse epi apilke pwosesis dezameman an, alevwa si pwogram sa a egziste toutbonvre.

Anplis, genlè gouvènman t ap tolere kèk gwoup ame ilegal – kòm ansyen rebèl e ansyen militè ak akolit yo – nan menm moman li t ap fann dèyè gang ame yo di ki afilye ak Jan Bètran Aristid. Delege Amnisti Entènasyonal te obsève ann Oktòb e Novanm 2004 ansyen manm FADH nan moman yo t ap egzibe zanm yo an piblik nan kapital la kòm nan lòt vil nan prezans ofisye PNH ak MINUSTAH ki pa reyaji. Nan menm peryòd sa a, anvan MINUSTAH te fè yon operasyon 20 Mas 2005 ki kwape okipasyon estasyon lapolis nan Tigwav, Amnisti Entènasyonal te obsève ansyen militè yo lè yo t ap ranfòse lalwa san okenn reyaksyon pa otorite yo.

---

<sup>8</sup> Yo te kreye PNH an 1995 e depi lè sa a, se sèl fòs sekirite ki legal ann Ayiti. Apre entèvansyon ameriken te ranvèse gouvènman militè de facto a, Jan Bètran Aristid te retounen nan peyi Dayiti e nan kòmansman 1995 li te bay yon dekrè prezidansyèl ki te disoud epi demobilize FADH ki te jete l 30 Septanm 1991.

An 2004, gouvènman enterimè a kòmanse souke kò l pou fè DDR nan moman MINUSTAH t ap lanse yo seri ti pwojè kominotè pou konfwonte kriminalite ak sikilasyon zam. Eksperyans Pwogram Nasyonzini te fè anvan nan Kafoufèy (yon katye nan sidwès Pòtoprens) te bay bonjan enfòmasyon sou reyaksyon kominote li te sible yo. Yo te travay ak kominote sa a yo pandan yon lane pou kreye yon klima de konfyans. Moun te remèt zam yo volontèman men yo te resevwa aksè a pwogram mikwo kredi an echanj. Nan fen lane 2004, MINUSTAH t ap anvisaje pou l aplike pwogram sa a nan lòt katye nan Pòtoprens.

Kapasite gouvènman an pou l fè dezameman an 2004 te limite pasyèlman pa absans otorite leta nan pifò zòn nan peyi a. Sèvis piblik ak administrasyon piblik te vin kraze pandan rebelyon an Fevriye 2004 ; ofisyèl ki ranfòse lalwa te abandone pòs yo; estasyon lapolis, prizon ak tribinal te piye, sakaje epi kraze ; delege lokal nan diferan nivo administrasyon leta te kraze rak oubyen te vin revoke. Nan absans otorite leta, ansyen rebèl ak ansyen militè ame te pran kontwòl anpil zòn nan peyi a. Sepandan, apre 6 premye mwa an 2005, li klè gouvènman enterimè a pa genyen volonte politik pou l aplike yon pwogram DDR total kapital.

Poutèt yo te nan yon pozisyon ki bay yo avantaj, ansyen militè yo te fòse gouvènman enterimè a pou l bay konpansasyon finansye epi entegre manm l ki enterese nan PNH. Yo te kreye yon Biwo pou Jere Solda ki Demobilize (Bureau de gestion des militaires démobilisés) pou negosye ak ansyen militè yo. Yo te mande pou leta peye salè y depi lè yo te demobilize an 1995 epi yo te mande pansyon y tou. Gouvènman enterimè a te dakò pou l peye ansyen manm FADH 28 milyon dola ameriken an twa tranch. Sepandan, okenn mezi pa pran pou asire ansyen militè yo pral remèt zam yo epi okenn garanti pa bay pou y fè demobilizasyon final kòm kondisyon pou y resevwa dènye tranch la. Menmsi anpil ansyen militè dakò pou y dezame epi demobilize, genyen dezakò ant divès faksyon e anpil ladan y refize remèt zam yo.

3 Fevriye 2005, apeprè yon lane apre rebelyon ki te jete Prezidan Aristid ak gouvènman l, gouvènman enterimè te pibliye yon dekrè prezidansyèl ki te mete sou pye Komisyon Nasyonal sou Dezameman. Kèk semèn apre, yo te nonmen reprezantan gouvènman ak sosyete sivil ki pral sèvi kòm manm komisyon an. Sepandan, nan moman n ap ekri rapò sa a, komisyon pa te genyen chapant yon pwogram DDR pou l aplike kòm li pat genyen lajan pou l opere epi finanse reyentegrasyon konbatan ki demobilize – e sa se yon eleman esansyèl nan pwosesis DDR. Nan rapò li te fè sou misyon l an Avril 2005, Konsey Sekirite Nasyonzini te ekspri tètchaje li genyen poutèt, « Komisyon genyen yon pwogram limite epi yon atitid anbigi parapò a kouman l ap konfwonte pwoblèm sa a, espesyalman nan ka ansyen militè yo ».<sup>9</sup>

---

<sup>9</sup> Rapò Konsey Sekirite Nasyonzini sou misyon l ann Ayiti , sòti 13 rive 19 Avril 2005, S/2005/302, paragraf 27.

12 Mas 2005, ansyen militè te remèt zam yo senbolikman Okap yon fason pou montre y ap retounen nan vi sivil. Sepandan, pandan seremoni ofisyèl an prezans Preme Minis Jera Latòti ak Repezantan Espesyal Sekretè Jeneral Nasyonzi, Wann Gabriyèl Valdès (Juan Gabriel Valdès), ak zòt, 325 solda yo te fèk demobilize te remèt sèlman 7 vye zam. Moun gen preyokipasyon poutèt yo transfere bon zam yo bay lòt faksyon militè oubyen yo mete yo nan kache. Lanmò de lidè ansyen militè yo – Ramisent Raviks ak Rene Jan Antoni (alyas Grenn Sonnen) nan yon konfwontasyon ak MINUSTAH epi ofisyè PNH 8 Avril 2005, kapab genyen yon enpak sou pwogram DDR k ap sible ansyen militè yo poutèt aksyon sa a kapab konpwomèt inite gwoup sa a lè pou l aksepte dezame tèt li.

DDR mande tou pou genyen devlopman, asavwa enfrastrikti, sèvis piblik, ak enstitisyon. Dezameman ak demobilizasyon konbatan jwenn ak reyentegrasyon anndan sosyete a pa kapab fèt nan yon vid politik epi legal. PNH pa kapab absòbe tout kandida ki elijib pou demobilizasyon san yon estrateji ak yon pwogram sou plizyè lane pou bay bonjan fòmasyon epi asire pwofesjonalizasyon y. Yon pwogram pou reyentegre ansyen rebèl ak manm gang fèt pou genyen kòm premye priyorite kreyasyon anplwa dirab epi fòmasyon pou moun sa a yo kapab viv.

## 2. MINUSTAH YON LANE APRE

Jen 2005 te make premye anivèsè deplwaman MINUSTAH ann Ayiti. Deplwaman MINUSTAH ki te kòmanse lantman an Jen 2004 te vin pi rapid nan fen 2004. An Me 2005, yo te deja deplwaye 6,211 militè sou 6,700 epi 1,413 sou 1,622 Polis Sivil (CIVPOL) Konsey Sekirite Nasyonzi te otorize.<sup>10</sup> An Jen 2005, pandan yo t ap tann rès fòs yo, Sekretè Jeneral Nasyonzi, Kofi Anann, te pwopoze nan rapò li te pibliye 13 Me 2005 pou y ogmante nonm militè nan misyon an jiska 7,500 solda.

Peyi Brezil te pran kòmandman MINUSTAH poutèt li te voye plis pase 1,200 solda. Lajantin, Irigwe ak Chili genyen gwo patisipasyon militè nan MINUSTAH tou e Wann Gabriyèl Valdès, yon chilyen, se repezantan espesyal Sekretè Jeneral Nasyonzi ann Ayiti e se li ki dirije misyon an.

Nan Rezolisyon 1542 li te vote 30 Avril 2004, Konsey Sekirite Nasyonzi te bay MINUSTAH manda pou l :

- Asire yon klima estab ak sekirite pou pèmèt pwosesis politik la devlope atravè twa inisyativ : ede gouvènman enterimè a tabli otorite leta toupatou ann Ayiti ;

---

<sup>10</sup> Rapò Sekretè Jeneral sou Misyon Nasyonzi pou Estabilizasyon ann Ayiti, S/2005/313, 13 Me, 2005; men adrès li: <http://daccessdds.un.org/DOC/UNDOC/GEN/N05/341/51/PDF/N0534151.pdf?OpenElement>.

ede sosyete a lanse yon pwosesis pou kreye dyalòg nasyonal ak rekonsilyasyon ; epi òganize, sipèvizye e fè eleksyon ki lib epi enpasyal.

- Ede gouvènman enterimè a nan sipèvizyon, restriktirasyon ak refòm PNH atravè seleksyon, antrennman, sipèvizyon epi parenaj ofisye lapolis.
- Ede gouvènman enterimè a ak PNH tabli yon pwogram DDR total kapital epi restore lalwa, sekirite piblik kòm lòd piblik.
- « pwoteje popilasyon sivil k ap konfwonte menas vyolans fizik imedya lè li kapab fè sa », <sup>11</sup> ede gouvènman enterimè a ak ONG ayisyen fè pwomosyon epi pwoteje dwamoun, asire moun ki abize dwamoun konfwonte responsabilite endividyèl yo e asire tou viktim jwenn lajistis.
- Veye epi bay rapò sou sitiyasyon dwamoun, pa egzanp sitiyasyon refijye yo refole kòm moun ki sètoblize kite kay yo.

Manda MINUSTAH souliye nesosite li genyen pou ede gouvènman enterimè a paske inaksyon otorite ayisyen yo parapò a kèk keksyon kle – kòm DDR, restorasyon lalwa, ak aplikasyon responsabilite endividyèl – kapab antrave efò misyon an ap fè nan domenn sa a yo. Anplis, move relasyon ant gouvènman enterimè ak sosyete sivil kapab antrave efò pou lanse yon dyalòg nasyonal ak yon pwosesis rekonsilyasyon kòm efò pou ankouraje epi pwoteje dwamoun.

Etandone sitiyasyon dwamoun nan peyi a, yo kritike MINUSTAH poutèt li pa pran bonjan mezi pou kwape abi sou dwamoun, espesyalman abi ki fèt pa ofisye PNH. <sup>12</sup> Dapre sa ofisyèl MINUSTAH di delegasyon Amnisti Entènasyonal, misyon an pa genyen pouvwa egzekitif pou l antreprann aktivite polisye endepandan epi pou l aplike konplètman sèten pwovizyon nan manda l, espesyalman parapò a pwoteksyon popilasyon sivil ki anba menas imedya. Sipò popilasyon peyi Dayiti genlè te bay MINUSTAH bese pi plis chak fwa PNH fè abi ak enpinite dapre sa yo di. Sipò ap bese tou pami popilasyon katye ki pòv kòm pami sipòtè Lavalas – ki reprezante pi gwo fòs politik ann Ayiti – poutèt MINUSTAH genyen manda pou l asiste PNH k ap kontinye fè abi jeneralize kont manm de sektè sa a yo nan popilasyon an.

---

<sup>11</sup> Rezolisyon 1542 (2004) Konsey Sekirite Nasyonzini ki baze sou Chapit VII Chat Nasyonzini : Aksyon Parapò A Menas Pou Lapè, Vyolasyon Lapè, Epi Zak Agresyon.

<sup>12</sup> Cheke, pa egzanp, rapò Center for the Study of Human Rights, University of Miami School of Law, “*Haiti. Human Rights Investigation: November 11-21, 2004*” (men adrès li: [www.law.miami.edu/cshr/CSHR\\_Report\\_02082005\\_v2.pdf](http://www.law.miami.edu/cshr/CSHR_Report_02082005_v2.pdf)); ak rapò Harvard Law Student Advocates for Human Rights and Centro de Justiça Global, “*Keeping the Peace in Haiti?*” (men adrès li: [www.law.harvard.edu/programs/hrp/CAP/Text/Haiti\\_English\\_Final.pdf](http://www.law.harvard.edu/programs/hrp/CAP/Text/Haiti_English_Final.pdf)).

### ***Metè sekirite nan peyi a***

Gen kèk pwogrè ki fèt parapò a tablisman yon anviwonman kote asistans imanite asire. Sa te enpòtan espesyalman depi inondasyon te fèt nan Gonayiv an Septanm 2004. Sepandan, genyen anpil efò ki fèt pou fèt nan moman menas sou sivil, espesyalman nan kapital la, ap pèsiste epi ogmante depi Mas 2005. Kriminalite òdinè, kòm kidnapin sivil ak atak ame sou sivil ap simen laperèz ak panik nan popilasyon an. Tou sa reprezante yon menas pou eleksyon yo k ap vini. Nonm kinapin pou ranson ap vale teren e nan kòmansman mwad Me, pou premye fwa, yo te kidnape anlwaye etranje sivil MINUSTAH.

25 Fevriye 2005, rapò Sekretè Jeneral Nasyonzi te bay enpresyon sityasyon sekirite t ap amelyore ann Ayiti.<sup>13</sup> Li konstate « Gen gwo amelyorasyon ki fèt depi fen Novanm 2004, poutèt ogmantasyon nan nonm solda ak polisye sivil, yon devlopman ki pèmèt MINUSTAH, ak kolaborasyon PNH, fè operasyon sekirite ak siksè pou amelyore establite ». Sepandan, sityasyon sekirite ap toujou bay tètchaje toutotan yo pa fin aplike pwosesis DDR la epi sifizaman ofisye lapolis pa deplwaye.

Youn nan pwoblèm MINUSTAH ap kontinye konfwonte se mankman fòs militè epi ranseyman pou kontwole zòn kote vyolans ap afekte popilasyon an toulejou. Se sa ki t ap fèt e se sa k ap kontinye fèt nan katye pòv nan Pòtoprens kòm Site Soley, Bèlè, Matisan, Dèlma epi Vilaj de Dye kote popilasyon sivil la viktim gang ame oubyen operasyon represif pa lapolis toulejou. Menmsi MINUSTAH mentni yon prezans minim nan zòn sa yo, prezans li genyen yon enpak sèlman sou wout prensipal yo kote l fè patwouy. Nan ti riyèl ki toupatou nan Site Soley, popilasyon sivil la ap kontinye soufri poutèt abi grav -- اساسina, kadejak, piyaj epi mete dife -- gang ame ap fè ak enpinite. Nan lòt katye pòv nan kapital la, sityasyon sekirite an antrave pa gang ame k ap opere e pa operasyon lapolis k ap fèt nan absans patwouy MINUSTAH ak CIVPOL.

20 Mas 2005 MINUSTAH pou premye fwa te genyen solda ki mouri epi blese pandan kèk operasyon l t ap fè pou pran kontwòl de estasyon lapolis nan Tigwav ak Tèwouj. Ansyen militè te okipe estasyon lapolis sa a yo an Novanm 2004 e ofisye lapolis te abandone y. Ansyen militè yo te fè lalwa san okenn lejitimite. Dapre sa yo di delegasyon Amnisti Entènasyonal nan Tigwav an Novanm, zak entimidasyon, arasman ak revanj t ap sible sipòte Lavalas. Jij depè nan Tigwav te sètoblize sèvi ak ansyen militè yo pou arete moun epi bay manda darè. Ansyen militè yo te kenbe kat moun nan prizon anndan estasyon lapolis yo t ap okipe. Menm sitayasyon sa a te egziste nan divès zòn nan peyi a kote ansyen militè yo genyen anpil fòs malgre prezans MINUSTAH.

### ***Pwoteksyon pou popilasyon sivil***

Dapre rapò ki bay sou deplwaman inisyal MINUSTAH, premye priyorite l se te pwoteksyon MINUSTAK ak lòt anlwaye Nasyonzi kòm byen l nan Pòtoprens ak

---

<sup>13</sup> Cheke rapò Sekretè Jeneral sou MINUSTAH ki sòti an Novanm 2004 (S/2004/908) epi an Fevriye 2005 (S/2005/124).

Gonayiv e sa te yon dezavantaj pou popilasyon sivil la. Dapre sa yo rapòte, kèk inite MINUSTAH pa te fè anyen pou ede sivil nan moman ofisye lapolis oubyen kriminèl t ap menase y oubyen enmède y anba bab manm MINUSTAH. Petèt sa te vin fèt paske MINUSTAH genyen move entèpretasyon sou pwòp règleman ki kontwole angajman l oubyen li aplike nan yon fason ki estrik pwovizyon manda l ki egzije pou l pwoteje sivil kont « menas vyolans ki imedyà ... san sa pa kreye pwoblèm parapò a responsabiltè gouvènman enterimè a kòm otorite lapolis ». Sepandan, 4 Mas 2005, militè MINUSTAH te mete inite l ant manifestan pwo Lavalas ak ofisye PNH yo te deplwaye pou kontwole foul la. Manifestan yo te fè lwanj manèv sa a ki poutan te vin kreye tansyon ant ofisye MINUSTAH ak otorite leta ki deklare se te yon vyolasyon manda MINUSTAH. Ensidan sa tè fèt kèk jou apre ofisye lapolis te touye, dapre sa yo di, omwen yon moun pandan yon manifestasyon pasifik MINUSTAH t ap veye.

Nan kèk okazyon, te genyen konfli ant nesosite pou pwoteje sivil ak manda pou sipòte PNH. Parapò a pwoteksyon popilasyon an, te genyen yon enterè klè pou devlope bonjan relasyon ak rezidan nan katye pòv an patikilye epi pou ganyen konfyans yo; sepandan, inisyativ sa a kapab antrave bonjan sipò pou operasyon lapolis nan zòn lan. Dapre sa yo rapòte, kèk fòs MINUSTAH genlè t ap fè patwouy nan sèten zòn nan kapital la kote yo tabli bonjan rapò ak sivil yo.

### ***Pwoteksyon ak pwomosyon dwamoun***

Youn nan pi gwo tètchaje moun genyen parapò a aplikasyon manda MINUSTAH se absans piblikasyon bonjan rapò regilye piblikman pandan 10 premye mwa yo pa Reprèzantan Espesyal Sekretè Jeneral Nasyonziini e pa Komisyonè CIVPOL. Absans rapò piblik sa a yo lakòz li difisil jwenn ki mezi ki pran pou pwoteje epi fè pwomosyon dwamoun. Jiska mwad Avril 2005, pa genyen okenn rapò ki pibliye ki bay enfòmasyon konplè sou sitiyoasyon dwamoun an akò ak manda MINUSTAH ki detaye nan Rezolisyon 1542.

An Novanm 2004, Amnisti Entènasyonal te mande otorite ayisyen yo pou y lanse yon ankèt konplè, endepandan e enpasyal sou vyolasyon yo di ofisye PNH ta komèt, kòm pa egzanp egzekisyon ekstrajidisyè yo di ki te fèt nan Fò Nasyonal (cheke Seksyon 3). Amnisti Entènasyonal te aplodi anons pòtpawòl CIVPOL te fè an Novanm 2004 sou ankèt y ap fè sou egzekisyon nan Fò Nasyonal. Sepandan, okenn enfòmasyon piblik pa janm bay sou pwogrè ankèt sa a. Nan menm jan, yo pa janm pibliye rezilta ankèt sou asasina pa lapolis omwen 7 prizonye nan Penitansye Nasyonal premye Desanm 2004.

Amnisti Entènasyonal kwè yo fèt pou pibliye rezilta ankèt sa a yo pou asire ankèt sa yo genyen enpak maksimòm sou popilasyon an jeneral kòm sou moun ki responsab vyolasyon dwamoun, keseswa ajan leta oubyen sivil. Yo fèt pou distribiye rapò sa a yo toupatou, nan peyi a kòm aletranje.

Amnisti Entènasyonal rekòmande an plizyè fwa pou operasyon k ap mentni lapè pibliye regilyèman rapò konplè sou aktivite y kòm sou rezilta y, espesyalman sou keksyon

dwamoun. Òganizasyon genyen preyokipasyon poutèt silans sou dosye sa yo voye yon mesaj ki ankouraje sitirans abi. Piblisite MINUSTAH fè parapò a abi sou dwamoun pa ajan leta kòm pa sivil pral ede kwape enpinite epi tou fè reklam pou dwamoun ann Ayiti. Bonjan diseminasyon nan kominote nasyonal kòm entènasyonal ta voye yon mesaj ki klè asavwa misyon pran angajman pou l ranfòse dwamoun epi kwape enpinite.

### 3. LAPOLIS NASYONAL AYISYEN SOU KEKSYON DWAMOUN

« Lè yo rantr nan zòn lan, tout moun viktim »<sup>14</sup>

« Misyon te etone tandè kòmante otorite enterimè  
yo fè asavwa leta pa t kòmet okenn vyolasyon  
dwamoun nan peyi a ».<sup>15</sup>

Estanda entènasyonal parapò a isaj lafòs ak zam afe endike klèman lafòs mòtèl fèt pou itilize sèlman an dènye lye apre tout lòt metòd echwe nan sitiysasyon kote genyen menas imedyà lanmò oubyen blesi grav.<sup>16</sup> Sepandan, ofisye lapolis ann Ayiti iyore estanda sa yo regilyèman lè yo sèvi ak lafòs mòtèl, kòm yo iyore tou lwa nasyonal, pwòp kòd etik entèn enstitisyon an ki sòti an 1995 epi deviz li asavwa li la pou « *Pwoteje epi sèvi* ».

Youn nan pi gwo defi gouvènman enterimè ap konfwonte se asire pwoteksyon ak respè pou dwamoun paske PNH te responsab anpil vyolasyon dwamoun anba gouvènman presedan an. Amnisti Entènasyonal te dokimante abitud PNH genyen pou itilize lafòs ki eksesif e li te bay otorite ayisyen yo rekòmandasyon asavwa kouman pou fè lapolis respekte lalwa.

Defi sa a espesyalman enpòtan nan konteks ensekirite k ap vale teren poutèt yon dal vyolans politik ak krim òganize k ap blayi toupatou nan kapital la a kòm nan lòt zòn nan peyi a. Souvan, ofisye lapolis tonbe nan batay ak gang ki genyen gwo zam ak ekipman ki pi bon pase sa lapolis genyen. Plizyè ofisye lapolis mouri nan konfwontasyon sa a yo.

Lapolis pa genyen sifizaman estaf, ekipman ak antrennman malgre efò kontini pa kominote entènasyonal la pou ede l nan fòmasyon l ak pwofesyonnalizasyon l depi lè yo te kreye l an 1995. Poutèt yo te politize l anpil anba gouvènman Aristid jwenn ak anpil

---

<sup>14</sup> Entèvyou Amnisti Entènasyonal fè ak viktim represyon pa lapolis nan Bèlè ann Oktòb 2004.

<sup>15</sup> Rapò Konsey Sekirite Nasyon zini sou misyon l ann Ayiti, S/2005/302, paragaf 42.

<sup>16</sup> Pami estanda sa a yo nou jwenn Kòd sou Konpòtman Ofisyèl Leta pou Ranfòsman Lalwa epi Estanda Minimòm de Baz sou Izaj Lafòs ak Zam Afe Nasyon zini devlope.

koripsyon anndan enstitisyon an, PNH te responsab pasyèlman poutèt move rezilta li te bay. Vyolasyon grav dwamoun pa lapolis ap kontinye dapre sa yo rapòte.

Anpil ayisyen nan katye pòv nan Pòtoprens di Amnisti Entènasyonal yo wè lapolis kòm yon enstitisyon ki fè yo pè, yon fòs ki ostil olye se yon fòs ki bay pwoteksyon. Paran ak zanmi moun lapolis touye di Amnisti Entènasyonal yo enkyè paske y ap sible y poutèt opinyon politik yo oubyen estati sosyal yo. Nan katye pòv nan kapital la, manm gang yo – prensipalman jenn



**Foto 1.** Ofisye lapolis ak kagoul nan yon kamyonèt lapolis double machin delegasyon Amnisti Entènasyonal. Pòtoprens. © AI.

gason ak timoun – ap siviv gras a krim. Dapre rapò ki bay, lè lapolis monte operasyon nan zòn sa a yo, yo sible jenn gason poutèt yo se kriminèl potansyèl – asavwa “bandi” -- e yo touye anpil ladan y paske lapolis sèvi ak fòs eksesif.

Nan anpil ka, temwen pa dakò ak vèsyon lapolis bay sou konfwontasyon oubyen “batay” ak “bandi”. Dapre Amnisti Entènasyonal, jan yo sèvi souvan ak fòs mòtèl jwenn ak absans ankèt rapid, konplè epi efektivite reflekte nan plizyè ka abitud PNH genyen pou touye moun ilegalman oubyen fè egzekisyon ekstrajidisyèl.

Pami ka sa yo genyen اساسina omwen 11 moun nan Fò Nasyonal ak Kafou Peyan ann Oktòb 2004. Jiska jodi a, yo pa janm pibliye rezilta okenn ankèt e pèsonn moun pa janm jije. Dapre enfòmasyon Amnisti Entènasyonal ranmase nan men moun ki konnen – pami yo genyen temwen – ofisye lapolis te fon nan اساسina sa yo, kontrèman ak deklarasyon ofisyèl.

Amnisti Entènasyonal twouble anpil poutèt otorite enterimè pa reyisi kwape vyolasyon dwamoun grav pa PNH. Òganizasyon an te souleve keksyon sa ak lòt keksyon tou nan reyinyon I te fè ak otorite ayisyen yo, Reprèzantan Espesyal Sekretè Jeneral Nasyonzi ann Ayiti, epi Komisyonè CIVPOL nan lespwa yo ta fè ankèt sou egzekisyon ekstrajidisyèl ak lòt vyolasyon grav dwamoun epi jije responsab yo.

Sèten ofisye lapolis mete kagoul, yon pratik kèk sivil ak moun k ap defann dwamoun pèsevwa kòm yon fòm entimidasyon. Dapre sa delege Amnisti Entènasyonal obsève, ofisye lapolis pa pòte okenn fòm idantifikasyon pèsonèl oubyen badj; kèkfwa yo pote anblèm lapolis. Kidonk, li pratikman enposib pou moun idantifye yon ofisye lapolis oubyen tabli grad li kòm nimewo I. An konsekans, viktim abi pa lapolis pa gen mwayen



idantifye polisye ki abize y, yon sitiyaasyon ki limite abilte y pou depoze plent kont ofisye lapolis. Tipikman viktim abi pa lapolis sètoblije chèche sipò NGO nasyonal oubyen entènasyonal pou y kapab prezante ka y devan otorite yo; sepandan, posibilite pou jwenn lajistis limite toutbonvre.

Amnisti entènasyonal kwè manke volonte politik, resous ak pwosedi pou tabli responsabilite ofisye pou vyolasyon dwamoun. Yo pa tabli yon konmasyon endepandan pou fè ankèt sou abi pa lapolis menmsi Premye Minis Jera Latòti te pran angajman pou sa fèt. Pwosedyasyon pou asasina ekstrajidisyè, maspinay, ak lòt abi sou dwamoun toujou rete teyorik. Ankèt raman rive idantite vyolatè dwamoun epi pa koresponn ak estanda entènasyonal. Yo pa pwoteje sèn kote asasina fèt ; evidans balistik e medikal kontamine, deplase oubyen disparèt. Nòmalmman yo mennen viktim ki mouri anba bal nan mòg Lopital Inivèsite Leta Dayiti (Hôpital de l'Université d'État d'Haïti, HUEH) men rapò sou otopsi y pa janm fèt.<sup>17</sup> Kèk paran viktim pa ale nan mòg poutèt yo pè revanj oubyen yo pa genyen lajan pou peye pou transfè kadav pou fè bonjan antèman. Dapre sa yo di, yo antere kadav nan mòg ki pa reklame ak lòt dechè lopital nan Titanyen, yon depotwa nan zòn nò Pòtoprens.<sup>18</sup> Dapre sa yo di, pafwa yo mennen viktim yo dirèkteman nan Titanyen kote yo « disparèt ».

### ***Lalwa peyi Dayiti ak obligasyon leta***

Konstitisyon peyi Dayiti garanti dwamoun pou y genyen lavi.<sup>19</sup> Li defini lapolis kòm yon kò ame, anba kontwòl Ministè Lajistis, ki « tabli pou asire lalwa ak lòd epi pwoteje lavi ak byen sitwayen ».<sup>20</sup>

Dapre sa ki rapòte, ajan lapolis ap opere anba yon Kòd Deyontoloji – yon seri règleman moral ak yon lis responsabilite -- yo te apwouve an 1995. Nan ka vyolasyon règleman sa a yo, yo kapab pran mezi disiplinè oubyen bay pinisyon kriminel.

*« Lè lalwa otorize l sèvi ak lafòs e an patikilye sèvi ak zam afe, yon ajan lapolis sètoblije itilize sèlman fòs ki estrikteman nesèsè e ki pwopòsyonèl a rezilta l ap chèche » ( Atik 9 Kòd Deyontoloji ki pibliye an 1995).<sup>21</sup>*

<sup>17</sup> Dapre sa yo di, genyen sèlman de dòktè forensik ann Ayiti ki kapab fè yon otopsi; youn ladan y se yon fanm ki se pòtpawòl PNH.

<sup>18</sup> Pandan plizyè mwa konsekitif an 2004, yo pa t kapab mete kadav nan mòg poutèt chanm fwad la pa t mache; an konsekans, yo te anpile kadav an dekonpozisyon nan yon pakin, dapre sa yo di.

<sup>19</sup> Nan preyanbil li, Konstitisyon Dayiti dekri dwa a lavi kòm yon dwa « ki pa ka vann oubyen vin kadik ». Nan sans sa tou, Atik 19 nan Konstitisyon deklare: « Leta genyen obligasyon total kapital pou garanti dwa a lavi, lasante, epi respè pou tout moun san distenksyon, an akò ak Deklarasyon Inivèsèl sou Dwamoun ».

<sup>20</sup> Konstitisyon Dayiti, Atik 269.

Kòd Kriminèl Ayisyen genyen pwovizyon pou kwape vyolans pa ajan leta :

*« Lè yon fonksyonè, yon ofisyè piblik, yon administratè, yon anplwaye oubyen ajan gouvènman oubyen lapolis, yon ajan jidisyè k ap sèvi yon manda oubyen yon jijman, yon kòmandan an chèf oubyen yon moun ki anba lòd li nan lafòs piblik, fè vyolans oubyen pouse lòt moun fè vyolans, san motif lejitim, sou lòt moun, nan moman l ap egzèse fonksyon l, yo pral pini l dapre nati oubyen gravite vyolans li fè, an akò ak règleman ki defini nan Atik 159 pi ba ». – Kòd penal 190 epi 254... »<sup>22</sup>*

Lè abi pa ajan leta lakòz lanmò, Kòd Kriminèl la prevwa pou responsab yo fè travay fòse avi ki reprezante pinisyon maksimòm anba lalwa peyi Dayiti kote yo te aboli kondanasyon amò.<sup>23</sup>

Peyi Dayiti siyen plizyè akò entènasyonal sou dwamoun – pami yo Akò Entènasyonal sou Dwa Sivil e Politik (ICCPR ann agle) ak Konvansyon kont Maspinay ak Lòt Tretman oubyen Pinisyon Kriyèl, Inimen oubyen Degradan. Nan sans sa a, li pran angajman pou l obsève libète ak dwamoun fondamental estanda sa a yo tabli, kòm dwa a lavi, libète ak sekirite moun. Anplis, pwovizyon sou dwa moun genyen pou lavi fè pati Konvansyon Ameriken sou Dwamoun peyi Dayiti ratifye an 1977.

Amnisti Entènasyonal gen tètchaje poutèt fòs sekirite rantrè an kontravansyon nan plizyè ka ak lwa nasyonal e entènasyonal ki pwoyibe deprivasyon abitè lavi epi poutèt yo depase limit estanda entènasyonal tabli sou keksyon isaj fòs mòtèl. Estanda parapò a isaj zam afe kont sitwayen defini nan Kòd Nasyonzini sou Konpòtman Ofisyèl ki Ranfòse Lalwa ak Prensip de Baz Nasyonzini parapò a Isaj Lafòs ak Zam Afe pa Ofisyèl ki Ranfòse Lalwa.

Responsabilite gouvènman parapò a egzekisyon ekstrajidisyè detaye nan Kòmantè Jeneral Komite pou Dwamoun Nasyonzini sou Atik 6 nan ICCPR :

*« Pwoteksyon kont deprivasyon abitè lavi... genyen yon kokennchenn enpòtans. Komite a konsidere otorite leta fèt pou y pran mezi non sèlman pou anpeche epi pini deprivasyon lavi pa zak kriminèl, men tou yo fèt pou pran mezi pou anpeche asasina abitè pa pwòp fòs sekirite leta. Deprivasyon lavi pa otorite leta se yon bagay ki grav anpil. An konsekans, lalwa fèt pou kontwòle epi limite estrikteman sikonstans kote otorite leta kapab pran lavi yon moun ».*

Konpòtman ajan PNH genlè pa konfòme ak Atik 3 nan Kòd sou Konpòtman ki deklare yo kapab itilize lafòs sèlman « lè sa estrikteman nesèsè ». Dapre kòmantè ofisyèl nan Kòd sou Konpòtman, isaj lafòs fèt pou « eksepsyonèl » epi fèt pou aplike sèlman pou de rezon :

---

<sup>21</sup> Ministè Lajistis, Direksyon Jeneral PNH, Kòd Deyontoloji. Moun kapab jwenn li nan : <http://www.un.org/rights/micivih/livrets/codepol.htm>

<sup>22</sup> Tradiksyon ki pa ofisyèl, Kòd Kriminèl Ayisyen, Atik 147.

<sup>23</sup> Kòd Kriminèl Ayisyen, Atik 247 e 249.

« prevansyon krim » epi « lè y ap fè oubyen ede fè arestasyon moun ki vyole lalwa oubyen yo sispekte ki vyole lalwa ». Kòd sou konpòtman di tou lafòs fèt pou l pwopòsyonèl ak bi y ap chèche, asavwa li fèt pou sèvi « nan degre ki nesèsè » lè ofisyèl ap fè travay yo pou ranfòse lalwa.

Prensip sou Prevansyon Efektif ak Ankèt sou Egzekisyon Ekstralegal, Abitrè epi Ekspeditif prevwa , ant lòt bagay, pou ankèt fè sou egzekisyon ekstrajidisyè epi pou aplikasyon pwosedi jidisyè pou mennen responsab yo devan jij. Prensip yo defini dwa fanmi ak depandan viktim genyen pou resevwa konpansasyon ki jis epi adekwa.<sup>24</sup>

Amnisti Entènasyonal twouble poutèt otorite ayisyen pa respekte prensip sa a yo epi pa aplike y kòm sadwa.

### **Egzekisyon Ekstrajidisyè ak asasina ilegal**

Egzekisyon ekstrajidisyè ap kontinye e lapolis ap denye sa regilyèman. Amnisti Entènasyonal diskite plizyè ka ak otorite yo poutèt li kwè petèt lapolis utilize fòs eksèsif nan operasyon pou ranfòse lalwa. Pami ka sa a yo, genyen:

- Dapre sa yo di, lajounen 27 Oktòb 2004, yo te touye 4 jèn gason nan yon fason ekspeditif nan Kafou Peyan, yon katye nan Pòtoprens. Dapre temwayaj Amnisti Entènasyonal te ranmase nan zòn kote asasina te fèt, apeprè 15 ajan lapolis te rive nan zòn sa a nan 5 machin lapolis a 11 zè dimaten. Yo te pake de nan machin sa a yo pèpandikilèman a miray la ; yo te mennen 4 gason ant de machin sa a yo epi tire y. Yo te menote men youn ladan y dèyè do l. Apre 5 machin yo te pati, polisye nan yon lòt machin te vin parèt epi te tire sou kay nan yon lari a kote nan yon fason ki avèg. Anpil mi kay te genyen twou bal e kèk bal te rete anfonse nan mi. Yo te kite 4 kadav yo ekspoze nan lari e se sèlman de jou apre lapolis vin ranmase y. Rezidan lokal ak Amnisti Entènasyonal pat idantifye viktim yo. Otorite yo denye operasyon sa janm fèt.
- An Novanm 2004, dapre rapò Amnisti Entènasyonal te resevwa, ofisye lapolis an sivil ki nan CIMO (Compagnie d'intervention et de maintien de l'ordre, CIMO) – ki se yon inite espesyal nan PNH – touye 6 moun nan Vilaj de Dye, yon katye pòv nan Pòtoprens. Kèk nan ofisye yo te genyen kagoul. Yo pa janm rekonèt ofisyèlman ensidan sa te fèt e yo pa janm idantifye tout viktim yo kòm sadwa. Otorite yo denye operasyon sa a janm fèt.

---

<sup>24</sup> Pwogram Amnisti Entènasyonal ak 14 pwen sou Prevansyon Egzekisyon Ekstrajidisyè (AI Index POL 35/03/93) baze sou prensip sa yo. Moun kapab jwenn li nan: <http://web.amnesty.org/pages/aboutai-recs-executions-eng>.

- 14 Janvye 2005, ofisye lapolis fè yon operasyon nan Vilaj de Dye genlè pou kwape aktivite “bandi” ame nan zòn lan. Dapre sa ki rapòte, lapolis te touye de jenn e menm ofisye sa a yo te touye tou Abdyas Jan, yon jounalis ki t ap fè ankèt sou ensidan an. Jiska jounen jodi a, yo pa janm mennen okenn moun ki responsab اساسina sa a yo devan jij.

### **Egzanp اساسina nan Fò Nasyonal**

Genlè lapolis te touye 26 Oktòb 2004 13 jèn fwadman nan zòn Fò Nasyonal, yon katye nan Pòtoprens. Yo pa janm jwenn tout kadav yo epi tout detay yo pa klè; sepandan, Amnisti Entènasyonal jwenn non 9 nan viktim yo: Rejinal Franswa (Réginald François), Wilfrid Pyè (Wilfrid Pierre), Janjan (“Jean Jean”) ki genyen 25 lane, Lora (Laura) yon jenn fanm ki genyen 17 lane, Fransisco (Francisco), Jefte (Jephté), Fanfan Vèsiyis (Fanfan Versius) ki genyen 22 lane, Ennzo (Enzo) ak Rikado (Ricardo).

Asasina sa a yo te vin fèt apre 4 machin lapolis ak yon anbilans te rive yon apremidi nan Ri Estime nan Fò Nasyonal. Dapre sa yo di, okipan machin yo te genyen inifòm nwa ak mo POLIS ekri sou do y. Yo te genyen kagoul. Kèk ladan y te aliyen kò y pou y tire epi rès yo te rantre nan youn nan ti riyèl ki komen nan katye ki pi pòv nan Pòtoprens.

Dapre temwayaj, lapolis te ale lakay ti Richa. Li pa te la men te genyen 13 lòt moun nan kay la. Lapolis te fòse y kouche atè epi tire y san pwovokasyon oubyen rezon ki aparant.

Pita yo te vin jwenn kadav 4 nan moun ki te nan kay la nan mòg Lopital Inivèsite Lèta Dayiti. Yo pa janm jwenn rès kadav yo – moun kwè y al jete y nan Titanyen, yon depotwa andeyò Pòtoprens kote souvan yo konn al jete kadav.

Malgre temwayaj anpil moun ak lòt evidans, Renan Etienne (Renan Etyèn), yon direktè depatman PNH, deklare li pa te janm bay lòd pou fè okenn operasyon nan Fò Nasyonal 26 Oktòb. Yon pòtpawòl (yon fanm) PNH deklare 28 Oktòb « *li te kontakte inite lapolis ki t ap fè operasyon jou sa, pa te genyen okenn ensidan nan Fò Nasyonal, e pa te genyen okenn aktivite lapolis nan katye sa a* ». <sup>25</sup>

Pami lòt ka kote genlè te genyen egzekisyon ekstrajidisyè oubyen اساسina ilegal an 2005, nou jwenn :

- 5 Janvye, solda MINUSTAH te arete Jimi Chal (Jimmy Charles) epi te remèt li bay PNH. Yo te mennen l nan estasyon lapolis Antigang nan Pòtoprens. Yo te vin lage l pita men kadav li a yon dal twou bal te abouti nan mòg Lopital Inivèsite Leta Dayiti 14 Janvye.
- 30 Janvye, dapre sa yo rapòte, ofisye lapolis te rale Wilkenn Bòs (Wilken Bosse), ki genyen 17 lane, sòti lakay li nan Koridò Basya epi tire l nan lari an fas lakay li. Menm jou sa a, a 5 è, dapre sa yo di, ofisye lapolis te rale Wodrig Bonen, alias Larivyè (Rodrigue Bonin, alias La Rivière), ki genyen 46 lane, sòti lakay li epi ba l de bal nan tèt. Li te mouri lopital 4 Fevriye.

<sup>25</sup> *Haiti Progrès*, sòti 3 rive 9 Novanm 2004, paj 1.

- 4 Fevriye, dapre sa yo di, ofisye lapolis te touye Jèf Jozèf (Jeff Joseph), yon jenn ki genyen 14 lane, lè li te prale nan yon magazin sou Wout Sanfil nan Bèlè.
- 5 Fevriye, dapre sa yo di, ofisye lapolis ak inifòm nwa te touye Estiv Blemi (Steve Blemy), yon gason ki genyen 21 lane, nan Ri dè Fwonfò nan Bèlè, Pòtoprens.
- 28 Fevriye, ofisye lapolis te tire sou yon manifestasyon pasifik pa patizan Lavalas nan Bèlè, Pòtoprens, e yo te touye omwen yon moun.
- 27 Avril, dapre sa yo di, ofisye lapolis te tire nan yon fason ki avèg sou manifestan pasifik pwo Lavalas toupre katye jeneral Nasyonzini nan Pòtoprens e yo te touye omwen 5 moun epi blese plizyè lòt moun. 4 nan moun sa a yo mouri pita. Men non viktim yo (yon fanm ak 8 gason): Rejinal Kolon (Reginald Colon), 32 lane; Stivennsonn Senkloud (Stevenson St-Cloud), 21 lane; Jemz Layens (James Lahens) ; Makennzi Andre (Mackenzie André) ; Wolan Gistav (Roland Gustave) ; Nèlson Ogis (Nelson Auguste) ; « Ti Jele », Klodin Jozèf (Claudine Joseph) ; ak Delaj Menèl (Delage Mesnel).

### **Arestasyon Abitrè**

Lapolis ak otorite jidisyè genyen abitud – yon abitud ki ansyen -- arete moun kòm prevansyon san okenn baz legal oubyen akizasyon. Yo konn kenbe moun nan prizon pandan lontan. Nan plizyè ka, moun an detansyon sètoblaje peye pou yo lage y oubyen mennen y devan jij ki pran desizyon sou legalite detansyon an. Pifò nan moun an detansyon pa kapab peye pou avoka.<sup>26</sup>

Dapre lalwa peyi Dayiti, yon moun fèt pou arete sèlman si lapolis genyen yon manda pa yon otorite jidisyè oubyen si yo pran l nan moman l ap komèt yon krim. Menmsi règleman sa a yo klè, anpil arestasyon fèt san yo pa respekte y.

Operasyon lapolis sible patizan Lavalas an mas nan katye pòv nan Pòtoprens kote pati sa a jwenn bonjan sipò. Nan lòt rejyon, kote prezans lapolis fèb, se ansyen militè ak atache y ki sible sipòtè Lavalas pou arete y.

Se plizyè santèn moun ki nan prizon. Pifò ladan y pa janm enkilpe. Plizyè toujou nan prizon menmsi otorite jidisyè bay lòd lage y.

---

<sup>26</sup> Dapre Ekspè Endepandan, Lwi Jwanè (Louis Joinet), genyen 750 avoka diplome ann Ayiti. Referans: Situation of human rights in Haiti. Report prepared by the independent expert, Louis Joinet, E/CN.4/2005/123, 24 January 2005. Nou kapab jwenn rapò sa a nan: <http://daccessdds.un.org/doc/UNDOC/GEN/G05/104/45/PDF/G0510445.pdf/openElement>.

## **4. ABI SOU DWAMOUN PA GWROUP AME AK GANG**

Depi kòmansman 2004, vyolans pa gwoup ame ilegal ak gang ap vale teren nan kapital la, e sa konn bloke aktivite ekonomik anba lavil.

Divès gwoup ame ki te fon nan rebelyon ki te jete Aristid ak gang ame ki sipòte l dèyè vyolans sa a. Pami gwoup sa yo genyen Lame Kanibal, ki vin rebatize tèt li Fwon Resistans Latibonit (Front de Résistance de l'Artibonite); gwoup ansyen militè anba kòmandman Lwi Jodèl Chanblen ak Gi Filip ki koni sou non Fwon Rezistans di Nò (Front de Résistance du Nord); epi tou gang ame ki sipòte Jan Bètran Aristid e ki rele chimè. Yo tout responsab anpil abi sou dwamoun. Amnisti Entènasyonal genyen gwo tètchaje poutèt gwoup ak gang sa a yo toujou ame epi aktif e y ap kontinye fè abi sou dwamoun ak enpinite.

### ***Gang ame***

Depi 30 Septanm 2004, aktivite kriminel gang ame vin pi vizib, espesyalman depi manifestasyon ki fèt pou komemore 13yèm anivèsè koudeta ki te jete Jan Bètran Aristid an 1991; sa te vin deklanche yon seri ensidan vyolan pa gang ame ki sipòte Jan Bètran Aristid, dapre sa yo di. Otorite yo te pran mezi rapid – kòm gwo operasyon lapolis – pou kwape kriminalite ak vyolans anba lavil nan Pòtoprens.

Sepandan, entèvansyon pa lapolis pa te bay sitwayen ak komèsan nan zòn sa sekirite. Okontrè, operasyon sa a yo te lakòz vyolasyon dwamoun grav, kòm arestasyon ilegal, maspinay ak asasina ilegal.

Lagè ant gang te vin kalme apre ansasinay 31 Mas, pa manm gang rival, Toma Wobennsonn (Thomas Robinson), alyas « Labanyè », ki te kontwole katye nan Site Soley ki rele Boston epi ki te fè alyans ak gouvènman aktyèl la kòm ak ansyen opozisyon gouvènman Lavalas, dapre sa yo di. Magre sa, popilasyon Site Soley an patikilye kontinye ap soufri poutèt abi sou dwamoun pa gang ki kontwole zòn lan. Vyolans kont fanm nan katye pòv sa a bay gwo tètchaje (cheke Seksyon 6).

### ***Ansyen militè***

Gouvènman enterimè a ak MINUSTAH genlè ap sitire ansyen militè ak lòt gwoup ilegal deplizanpli. An patikilye, yo pa reyisi kwape aktivite ilegal ak abi sou dwamoun y ap fè kòm asasina abitrè, arestasyon ak detansyon prizonye san baz legal, entimidasyon popilasyon an, epi menas pou jete gouvènman an.

Tansyon ant gouvènman ak ansyen militè yo ap kontinye reprezante yon menas pou restorasyon lapè epi demokrasi dirab. Dapre sa yo rapòte, genlè ansyen militè yo fache

poutèt solda ki te demobilize an 1995 resevwa konpansasyon. Ansyen militè ki te vin ranvwaye anvan dekrè demobilizasyon an ap mande konpansasyon pa y tou. Gouvènman refize fè sa. An konsekans yo menase opoze nenpòt ki pwogram DDR.

Nonm solda demobilize ki te manm ansyen FADH e ki jounen jodi a fòm faksyon ame ta reprezante ant 3,000 ak 5,000 toupatou nan peyi a. Ansyen militè yo di genyen plis moun nan gwoup sa a yo jodi a pase sa ki te nan lame an 1995. Dapre sa Amnisti Entènasyonal obsève, anpil moun pami swadizan ansyen militè yo genlè twò jenn pou y ta kapab anwole nan lame an 1995.

Pafwa, moun te wè ansyen militè yo lè yo t ap fè patwouy nan lari Pòtoprens ak zam epi an inifòm militè. Dapre sa yo di, ofisye PNH oubyen MINUSTAH te evite konfwonte yo menmsi yo pa te genyen estati legal e an konsekans yo te ame ilegalman. Sitirans sa a pa gouvènman an te pèmèt ansyen militè yo rantre an konpetisyon ak lapolis, yon devlopman ki te konsolide prezans ak otorite y onivo lokal. Nan plizyè minisipalite, ansyen militè yo te reprezante sèl otorite de facto poutèt lapolis absan depi Fevriye 2004. Amnisti Entènasyonal te obsève ansyen militè yo nan moman y t ap bay manda darè, mentni sekirite, arete epi mete manm kominote a nan prizòn.

Finalman, se gouvènman ki responsab abi sa yo poutèt li pa pran mezi pou dezame epi disoud gwoup sa a yo epi tou mennen moun ki responsab abi devan jij ; MINUSTAH responsab tou paske li genyen manda pou pwoteje sivil epi ede tabli e mentni lalwa. Dapre Platfòm Òganizasyon Ayisyen Dwamoun (Plateforme d'organisations haïtiennes des droits humains, POHDH) an Jiyè 2004, ant 60 e 70 pousan abi sou dwamoun fèt pa ansyen militè dapre sa moun rapòte. Malgre enfòmasyon sa a jwenn ak ka POHDH dokimante, otorite yo pa janm mennen responsab zak sa a yo lajistis.

Amnisti Entènasyonal espere klarifikasyon pwogram gouvènman enterimè vizavi aktivite ansyen militè pral kwape abi sou dwamoun ak aktivite ilegal epi bay ayisyen plis sekerite an konsekans.

## ***Chef Seksyon***

Anpil rapò sou abi, اساسina, vòl ak lòt vyolasyon dwamoun anba rejim Divalye epi gouvènman militè an 1991-1994 ranfòse repitasyon sinis chef seksyon rural ak « atache » y genyen.<sup>27</sup> Prezidan Aristid te demobilize y yon premye fwa an 1991 epi yon dezyèm fwa an 1995; yo refè sifas nan plizyè zòn nan peyi a, espesyalman nan Depatman Santral. Plizyè chef seksyon vin reyenstale pwòp tèt yo ak patronaj ansyen kòmandan militè oubyen dirèkteman pa kòmandan sa a yo ; sa se konsekans absans otorite ki egziste nan plizyè zòn nan peyi a depi Jan Bètran Aristid tonbe.

---

<sup>27</sup> « Atache » yo se sivil chef seksyon yo anplwaye kòm atoufè anba lòd yo. Li te fasil pou rekonèt yo paske yo toujou genyen yon chapo vèt epi sikile ak yon baton.

Dapre sa yo rapòte, chef seksyon an chaj nan kèk komin nan Depatman Santral : Rankit, Savanèt, Beladè, Tomonn, rejyon Granbwa, Laskawobas, Souskabara ak Sèkakabara.<sup>28</sup> Genlè y ap opere nan lòt komin tou apa Depatman Santral kòm Chantal nan Depatman Sid, Twoudinò, Milo, Grannrivyèdinò, Plenndesizann, dapre sa yo di. Lapolis ak lòt prezantan leta absan nan kominote sa a yo.

Laplipa chef seksyon ki te eli kòm delege nan Konsey Administratif Seksyon Kominal yo (Conseil d'Administration de la Section Communale) te sètoblije abandone pòs yo poutèt yo te pè revanj oubyen gouvènman enterimè a te revoke y lè te monte opouvwa. Dapre rapò ki sòti nan zòn andeyò, MINUSTAH ak ofisye lapolis raman prezan andeyò vil prensipal depatman yo, yon sitiyasyon ki kite pifò seksyon riral yo ki lwen gwo vil yo san otorite leta, kidonk anba kontwòl gang ame.

## 5. ADMINISTRASYON LAJISTIS

An plizyè fwa, gouvènman enterimè deklare li pran angajman pou fè prevansyon epi pini vyolasyon dwamoun. Sepandan, krim kòm asasina ilegal, detansyon abitè e ilegal, maspinay prizonye ak asasina nan prizon toujou ap fèt epi pa janm pini. An reyaksyon a ensidan sa a yo, otorite yo gen tandans jistifye aksyon lapolis epi avili viktim yo rele « bandi » sistematikman.

Lefèt yo pa te konfwonte keksyon enpinite pou kalite krim sa a yo anvan, lakòz abi sou dwamoun ap kontinye epi konfli tou ap kontinye. Yon pè dirab pap janm reyalize si yo pa jije responsab krim sa a yo an akò ak lalwa nasyonal e entènasyonal epi viktim yo pa jwenn jistis.

Genyen plizyè dwamoun ki garanti pa estanda entènasyonal ki egziste pou bay moun pwoteksyon pandan ankèt sou yon ofans ap fèt. Pami dwa sa a genyen sa ki di yon moun inosan toutotan yo pa jwenn li koupab ; pwoyibisyon kont maspinay, ak tretman kriyèl, inimem oubyen degradan ; pwoyibisyon kont presyon pou fòse moun temwaye kont enterè y oubyen konfese kilpabilite y ; epi dwa pou moun pran avoka.

Atik 25 Konvansyon Ameriken sou Dwamoun deklare :

*« Tout moun gen dwa pou ale nan tribinal, nan yon manyè ki senp, rapid epi efektiv, pou jwenn pwoteksyon kont zak ki vyole dwa fundamental rekoni pa konstitisyon oubyen lwa peyi kote l ap viv kòm pa Konvansyon sa a, menmsi vyolasyon sa a ta komèt pa moun k ap aji nan kontèks responsabilite ofisyèl yo ».*

---

<sup>28</sup> Peyi Dayiti genyen 9 depatman ki divize an awondisman; bò kote pa y, chak awondisman divize an komin. Anba rejim Divalye ak gouvènman de facto, chak komin te dirije pa yon chef seksyon -- anba kòmandman militè rejyon an -- ki ranfòse lalwa. Yo te konnen yo sou non polis riral ki te genyen pouvwa absoli sou sitwayen nan zòn lan.



Anplis, leta peyi ki siyen Konvansyon sa a pran angajman pou devlope posibilite pou moun kapab jwenn koreksyon jidisyè epi pou asire otorite konpetan ap aplike koreksyon sa a.

Administrasyon lajistis nan peyi Dayiti toujou ap fonksyone mal anpil. Endepandans ak enpasyalite sistèm jidisyè ap konfwonte yon gwo defi, espesyalman nan ka ki politik.

Feblès sistèm jidisyè ap kontinye bay gwo tètchaje. Amnisti Entènasyonal resevwa rapò sou yon seri arestasyon ak detansyon ki genlè genyen koneksyon politik. Nan administrasyon lajistis, delè pou mennen prizonye devan jij ak absans sipèvizyon jidisyè komen. Yo arete moun poutèt yon sèl denonsyasyon epi san ankèt preliminè. Souvan yon manda damne yon jij bay kapab transfòme an man darè ki abouti nan detansyon pandan lontan san moun lan pa pase devan jij.

Amnisti Entènasyonal genyen tètchaje poutèt anpil arestasyon abitèrè fèt ak maspinay pandan arestasyon epi detansyon; aksè limite a avoka, fanmi epi swen medikal adekwa; epi enkapasite moun ki an detansyon pou y konfwonte legalite pwòp detansyon an.

### ***Detansyon prevantif pandan lontan***

Detansyon prevantif pandan lontan toujou rete yon pratik komen ; se pa yon eksepsyon ann Ayiti. Prizon yo chaje ak yon dal moun yo arete abitèrèman epi kenbe an detansyon pandan lontan san yo pa kapab konfwonte legalite detansyon an.

Lwa peyi Dayiti proyibe detansyon abitèrè e endefini epi egzije pou y mennen tout moun yo arete devan yon jij an 48 è.<sup>29</sup> Se toutan yo iyore limit legal sa a.

---

<sup>29</sup> Men sa Atik 26 Konstitisyon Dayiti deklare: « Yo pa kapab kenbe okenn moun an detansyon pandan plis pase 48 è amwenske li konparèt devan yon jij pou l decide sou legalite arestasyon an epi konfime arestasyon pa yon desizyon kòm sadwa ».

### **Egzanp ansyen Premye Minis Ivon Neptin (Yvon Neptune)**

Ka ki pi koni parapò a detansyon prevantif pandan lontan se ka ansyen Premye Minis Ivon Neptin. Li te rann tèt li bay lapolis 27 Jen 2004 apre yon òganizasyon dwamoun te akize l poutèt li te òganize an revanj اساسina aktivis ki opoze rejim lan nan Lasiri, yon katye nan vil Senmak, 11 Fevriye 2004. Sa te pran yon lane pou y mennen l devan yon jij epi enkilpe l fòmèlman.

9 Jiyè 2004, avoka l yo te depoze yon petisyon ki rejte jiridiksyon jij nan Senmak poutèt Ivon Neptin pa ta kapab jwenn yon jijman enpasyal. 6 mwa apre, Tribinal de Kasasyon te rejte petisyon an poutèt avoka yo pa te peye yon kotizasyon minimòn pou sa.

19 Fevriye 2005, 5 moun ame te pran kontwòl Penitansye Nasyonal nan Pòtoprens kote Ivon Neptin te nan prizon. Yo te libere apeprè 500 prizonye e atakan yo te libere Ivon Neptin tou. Li te kontakte MINUSTAH e yon fwa ankò li te rann tèt li bay otorite yo.

22 Avril, yo te mennen Ivon Neptin Senmak pou l konparèt devan yon jij denstriksyon. Dapre sa yo di, yo pa te enfòmè avoka l ki pa te kapab akonpaye l ; sepandan, tribinal pa te kapab tandè ka a poutèt jij la pa t vini. Kèk tan apre, yo transfere Ivon Neptin nan yon aneks Penitansye Nasyonal kote li toujou an detansyon. Li kòmanse fè yon grèv lafen pou pwoteste kont delè nan ka l epi mande liberasyon l. 1 Me, yo di l yo ka transfere l nan yon lopital an Dominikani pou rezon medikal. Li refize kite Ayiti. Finalman, 25 Me Ivon Neptin konparèt devan jij denstriksyon nan Senmak.

Amnisti Entènasyonal kwè otorite yo refize rekonèt plizyè dwa Ivon Neptin, pa egzanp : dwa sou egalite devan lalwa, dwa ki di li inosan toutotan jo pa jwenn li koupab, dwa pou l ale nan jijman san delè epi dwa li genyen pou jijman jis e piblik nan yon tribinal konpetan, endepandan e enpasyal kòmsadwa dapre lalwa. Amnisti Entènasyonal kwè yo kenbe Ivon Neptin an detansyon poutèt opinyon politik li ; Amnisti Entènasyonal konsidere l kòm prizonye politik gouvènman enterimè a. Amnisti Entènasyonal mande otorite jidisyè ak gouvènman enterimè pou y lage Ivon Neptin anvan jijman fèt – yon jijman ki fèt pou fèt an akò ak estanda entènasyonal.

## **6. FANM AK TIMOUN K AP KONFWONTE ABI**

Nan peryòd konfli ak vyolans politik, fanm ak timoun toujou soufri plis pase tout lòt moun. Se sa ki pase egzakteman ann Ayiti. Konfli louvri ki te vale teren nan kòmansman lane 2004 vin transfòmè an vyolans avèg ki genyen koneksyon politik ; men, pandan tout tan sa a, fanm toujou viktim abi sou dwamoun.

Li difisil pou dokimante nan yon fason ki konplè abi sou dwazimen fanm, kòm kadejak, lòt abi seksyèl epi vyolans domestik. Se sèlman yon fraksyon ka sa a yo ki rapòte bay òganizasyon dwamoun ak òganizasyon fanm poutèt viktim yo pè pou lavi y epi pè pou revanj agresè yo kapab fè. Pratikman nan tout ka, yo pa janm pini okenn agresè. Pifò nan viktim Amnisti Entènasyonal entèvyouve

deklare non sèlman sa pa sèvi anyen pou y bay lapolis deklarasyon men tou sa kapab mete yo an danje. Se raman laprès lokal bay enfòmasyon sou kadejak oubyen lòt vyolans kont fanm.

Nan menm sans sa a, timoun k ap viv nan lari vilnerab anpil nan peryòd vyolans ak konfli ame. Nan Pòtoprens, yo kwè genyen 3,000 timoun k ap viv nan lari kote yo majinalize pa rès popilasyon an. Souvan, gwoup ame sible yo.

### **Vyolans kont fanm**

Nan absans lalwa – e sa se reyalite nan pifò peyi Dayiti – vyolans kont fanm patikilyèman komen. Fanm viktim vyolans avèg nan katye pòv nan kapital la kòm yo se viktim anba kanpay laterè ki sèvi ak vyòl, asasina, mete dife e piyaj. Kòm se fanm ki dirije laplipa fanmi ann Ayiti, fanm soufri anpil poutèt ensekirite k ap vale teren nan peyi a, yon devlopman ki genyen yo enpak dirèk sou aktivite ekonomik nan sektè enfòmèl la kote laplipa fanm jwenn lavi.

Yo te bay rapò sou kadejak ak motivasyon politik ki te fèt pandan epi apre rebelyon ame an Fevriye 2004. Egzistans fòm vyolans sa a kont fanm ki kouran anpil bay gwo tètchaje. Yo sible fanm sa a yo poutèt yo kwè mari y oubyen fanmi y ap sipòte Pati Fanmi Lavalas.

Bonjan temwayaj Amnisti Entènasyonal ranmase nan men sivivan jwenn ak lòt enfòmasyon òganizasyon an resevwa indike atak kont fanm koresponn a yon seri estrateji ki itilize vyolans ekstrèm.<sup>30</sup> Tipikman, yo atake fanm ak tifi lakay yo oubyen lakay fanmi oubyen zanmi y. Se gwoup gason ame ak gwo zanm ki fòse pòt kay, vyole viktim yo an gwoup, epi komèt lòt fòm vyolans seksyèl. Souvan gason yo genyen kagoul pou kache idantite y. Souvan tou yo fè kadejak anba je pitit ak fanmi viktim yo.

Laplipa fanm ki siviv vyolans seksyèl pa genyen lòt kote pou y ale e sètoblije rete lakay yo, souvan kote atak yo fèt. Zòt, poutèt yo genyen laperèz oubyen y anba presyon pa mari y oubyen patnè y oblije kite lakay yo. Dapre sa yo di, gen ka kote yon mari mete madan li deyò apre yo vyole l poutèt li pè paske madan li kapab enfekte pa maladi veneryèn oubyen jèm SIDA.

---

<sup>30</sup> Cheke rapò Médecins sans Frontières, “*Caught in Haiti’s cross-fire*”. Nou kapab jwenn rapò sa a nan : <http://www.doctorswithoutborders-usa.org/news/2005/04-01--2005.cfm>.

### **Egzanp kadejak pa agresè enkoni**

Nan lannwit 22 Septanm 2004, nan Delma 17, Pòtoprens, 4 gason ame an sivil ak kagoul rantrè lakay Jann ( se pa vre non li). Mari l pa te la, men twa zanmi l ak pitit gason l t ap dòmi nan kay la. Menmsi Jann te ansent 8 mwa, yo fòse l ak twa lòt fanm yo kouche fas atè. Yo bat yo, boure ak kout pye epi mesye yo mache sou do y anvan yo vyole y. Timoun lan te temwen atak sa a e yo te foure yon foula nan bouch li. Apre yo volè tout byen Jann ak rad timoun li, mesye yo ale.

Apre atak la, Jann te ale lopital an plizyè fwa men pa te kapab jwenn bonjan egzamen pou tabli kondisyon l. Li vin fè yon pitit apre sa ki genyen gwo pwoblèm lasante, dapre sa yo di. Li pa genyen lajan pou resevwa swen medikal pou timoun lan.

Dapre sa yo di, lè mari Jann tounen nan kay la, li mete l deyò poutèt yo te vyole l epi li kapab « genyen enfeksyon ». Jann di Amnisti Entènasyonnal li santi l « twò imilye epi li twò pè » pou l bay lapolis rapò sou atak sa.

Anpil fanm pa kapab idantifye agresè y poutèt yo kache idantite ak kagoul. Sepandan, kèk fanm di atakan yo se manm gang ki kontwole katye y oubyen manm gang rival ki anvayi katye y. Genlè se sa k ap pase nan Site Soley kote divès gang ak afilyasyon politik diferan ap goumen youn ak lòt depi yon lane san otorite yo pa entèvni. Amnisti Entènasyonnal genyen tètchaje poutèt fanm nan Site Soley toujou vilnerab anpil nan yon konteks kote vyolans jeneralize ak anachi blayi. Li kontinye ap resevwa rapò ki endike manm gang ap fè kadejak sou fanm epi maspinen y ak enpinite total kapital.

Dapre lalwa peyi Dayiti, kadejak se yon krim ki pini pa anprizonman. Sepandan se trè raman yo kondane moun poutèt vyòl. Sa se konsekans enkapasite otorite peyi Dayiti pou y mennen moun ki fè kadejak lajistis, espesyalman lè yo se ajan leta. Sa lakòz vyolans kont fanm toujou ap kontinye. Fanm pa kapab jwenn jistis e, nan laplipa ka, yo pa resevwa swen medikal adekwa ak sipò sikolojik nan enstitisyon piblik. An pati, se mankman resous nan sektè sante piblik ki lakòz sitiyasyon sa; malsite nan peyi a konplike pwoblèm sa pi plis.

Fanm k ap travay nan sektè enfòmèl – prensipalman kòm vandèz nan lari – anba menas vyolans avèg pa « bandi » ame ki kreye yon klima laterè – yon sitiyasyon otorite ki ranfòse lalwa pa janm konfwonte.

### **Egzanp kadejak prezime pa ofisye lapolis**

9 Jiyè 2004, ant 11 zè e minwi, twa mesye ak rad nwa epi kagoul bat epi vyole Mari (se pa vre non l) lakay li nan Delma 33 nan Pòtoprens. Li te ansent 3 mwa. Dapre sa yo di, moun sa yo se ofisye PNH ki t ap chèche mari l, yon ansyen anplwaye Palè Nasyonal pandan prezidans Jan Bètran Aristid. Yo te mennen Mari nan Lopital Inivèsite Leta Dayiti nan Pòtoprens kote l resevwa tretman epi yon sètifika medikal ki endike li « posib li se viktim vyolans seksyèl ak enfeksyon ». Li pa te kapab mache pandan de semèn apre atak la e te sètoblize kite Pòtoprens. Mari l te toujou nan kache lè Amnisti Entènasyonal entèvyouve l. Li deklare li te twò pè pou l bay lapolis rapò.

### **Egzanp kadejak prezime pa manm gang**

Yo te vyole D.P. (se pa vre non l), yon dam ki genyen 19 lane, lakay li nan lanwit 13 Septanm 2004. A 11 zè diswa apeprè, 5 gason ki te abiye an nwa epi ki te genyen kagoul, fòse pòt kay la nan Site Soley nan Pòtoprens epi vyole l anba je pwòp frè l yo te fòse kouche atè anba menas zam. Atakan yo menase l ak lanmò si l bay rapò sou ensidan an. Poutèt yo pè pou lavi y, de frè l yo kite kay la e y ap viv nan lari Pòtoprens depi lè sa a. D.P. kwè atakan yo se manm yon gang lokal ki kontwole Brooklyn, yon katye nan Site Soley.

Apre atak la, D.P. pa te resevwa swen medikal oubyen sipò sikolojik paske li pa t kapab peye pou vizit medikal. Lè li te bay Amnisti Entènasyonal entèvyou, li te genyen doulè nan pèlvis li. Li di te genyen atak ki fèt menm jan sou lòt fanm nan katye a.

## ***Vyolans kont timoun***

Timoun k ap viv nan lari espesyalman vilnerab. Ann Ayiti, y ap sibi anpil diskriminasyon e souvan lapolis sible yo ak vyolans avèg epi represyon. Amnisti Entènasyonal resevwa anpil rapò twoublan parapò a move tretman, arasman, disparisyon, epi egzekisyon timoun nan lari ak lòt minè sibi.

Aktyèlman, pifò nan vyolasyon dwazimen timoun, espesyalman maspinay ak اساسina ilegal, ap fèt pa ofisye lapolis nan kontèks operasyon y ap fè pou swadizan konbat krim. Nan kontèks sa a, yo dekri timoun kòm kriminèl nan yon fason ki avèg pou jistifye aksyon lapolis – ki enkli vyolasyon dwamoun grav – kont timoun.

Nonm ak gravite vyolasyon sa a yo kapab pi wo pase sa estatistik endike. Ekspè nan domèn sa a deklare yo pa rapòte anpil ka poutèt pa genyen temwen, poutèt anpil viktim yo ak fanmi y ap viv andeyò sosyete a epi tou poutèt viktim yo, ki souvan pa genyen fanmi, rete anonim nan yon sosyete ki gen tandans bliye y. Anpil viktim, fanmi y epi temwen pa rapòte krim sa yo poutèt yo genyen laperèz oubyen yo pa kwè yo kapab jwenn jistis.

Lapolis responsab lòt fòm vyolasyon kont timoun, kòm arestasyon abitrè epi maspinay nan prizon. Nan ka sa a yo, espesyalman lè genyen maspinay, genyen abi ki fèt pandan y ap entèwoje moun sou operasyon kriminel oubyen alevini kriminel.

## **7. KONKLIZYON AK REKÒMANDASYON**

Se yon kokennchenn defi peyi Dayiti ap konfwonte parapò a nesesite pou kwape degradasyon grav dwa fondamantal pèp ayisyen e defi sa a pral nesesite yon angajman kontini pa gouvènman enterimè a kòm pa kominote entènasyonal la.

Ofisye PNH ap kontinye fè detansyon abitrè, maspinay, اساسina ilegal sitwayen epi isaj eksesif lafòs sou yon baz regilye. Move rezilta lapolis bay parapò a lit li kont krim ak gwo nivo koripsyon pami estaf li jwenn ak vyolasyon dwamoun pa fòs sekirite ki vin yon woutin reprezante anplis yon gwo menas pou lapè e stabilite peyi a epi lakòz ayisyen genyen plis mefyans vizavi fòs sekirite yo.

Amnisti Entènasyonal ap mande gouvènman enterimè a pou l kwape espiral mòtèl kote vyolasyon dwamoun tonbe ak pwomosyon respè epi pwoteksyon pou dwamoun kòm priyorite lè l ap fè refòm anndan PNH.

Amnisti Entènasyonal twouble anpil poutèt pa genyen respè pou lavi sitwayen ayisyen kòm pou entegrite fizik yo epi l ap mande yon fwa ankò pou gouvènman enterimè ak MINUSTAH lanse ankèt endepandan epi konplè sou tout vyolasyon dwamoun.

Amnisti Entènasyonal kwè gouvènman enterimè a pa vle pran angajman piblik kòdjòm pou l pwoteje dwamoun epi kwape espiral enpinite. Moun ki responsab vyolasyon dwamoun grav kontinye ap sikile libelibè toupatou nan peyi a.

Amnisti Entènasyonal twouble anpil poutèt gouvènman enterimè a pa fè yon efò serye pou l kolabore ak MINUSTAH pou kreye yon bonjan pwogram dirab sou dezameman, demobilizasyon ak reyentegrasyon ki reprezante yon etap esansyèl pou restore lalwa toupatou nan peyi a.

### ***Rekòmandasyon pou gouvènman enterimè***

Amnisti Entènasyonal konprann trè byen yon pati nan rekòmandasyon sa a yo kapab reyalize sèlman apre kèk oubyen plizyè lane. Sepandan, ak sipò MINUSTAH epi kominote entènasyonal la, gouvènman transitwa a fèt pou eseye konstwi fondasyon pou chanjman pozitif e efektif.

### **1. Kondane tout vyolasyon dwamoun**

Kondane epi bay prèv genyen opozisyon total kapital sou tout fòm abi sou dwamoun. Yoye yon mesaj klè bay tout ajan leta ak lòt ajan andeyò leta asavwa yo p ap tolere okenn abi sou dwamoun kèlkeswa sikonstans. Bay prèv genyen angajman pou tabli respè pou dwamoun ann Ayiti epi kolabore ak MINUSTAH epi kominote entènasyonal nan pwojè sa a.

### **2. Aplike yon pwogram DDR total kapital**

Pran mezi imedya epi efektif pou devlope, aplike epi sipèvizite yon pwogram total kapital epi dirab pou dezameman, demobilizasyon ak reyentegrasyon. Nan chak etap pwogram sa a, chèche jwenn epi entegre konsepsyon kominote entènasyonal ak MINUSTAH genyen. Aplike pwogram DDR lan ak enpasyalite vizavi tout gwoup ame epi sivil ki genyen zam. Tabli yon komisyon endepandan ak reprezantan ki rekrite nan sosyete sivil, ak manm laprès pami yo, pou enspekte epi sipèvizite pwosesis DDR la epi bay piblik la enfòmasyon regilyèman sou pwogrè l.

### **3. Kwape detansyon abitrè**

Pran mezi efektif pou kwape abitud ki komen parapò a detansyon abitrè ak entwodiksyon imedya yon seri pratik kòm:

- Anregistre epi sipèvizite tout detansyon;
- Moun an detansyon fèt pou mennen devan jij san pèdi tan. Konstitisyon peyi Dayiti deklare nenpòt moun an detansyon fèt pou ale devan yon jij nan yon delè 48 è; sinon yo fèt pou lage l;
- Moun an detansyon fèt pou genyen aksè a avoka epi doktè yo chwazi nan menm moman yo arete y;
- Tout moun an detansyon gen dwa pou keksyone legalite detansyon y;
- Jij fèt pou pran mezi pou asire moun an detansyon pa maspinen oubyen resevwa move tretman e yo fèt pou lanse ankèt kriminel sou ka kote genyen, dapre sa yo di, maspinay oubyen move tretman;
- Tabli yon sistèm pou pèmèt vizit enspeksyon regilye, endepandan, ki fèt san restriksyon epi ki fèt pa sipriz, toupatou kote moun an detansyon, kòm pa egzanp nan prizon ki anba jiridiksyon APENA (Administrasyon Penitansyè Nasyonal) ak

estasyon lapolis. Vizit sa a yo fèt pou fèt pa ONG endepandan ki fèt pou genyen otorizasyon ki bay yo aksè a tout kote moun an detansyon;

- Fanmi, avoka ak tribinal fèt pou genyen aksè san delè a enfòmasyon egza sou arestasyon nenpòt moun, kote yo kenbe l an detansyon epi tou sou transfè l oubyen liberasyon l;
- Yo fèt pou lage yon prizonye nan yon fason ki pèmèt zòt verifye yo lage l epi ki asire sekirite l.

#### **4. Asire jijman ki rapid epi enpasyal**

Garanti jijman rapid epi enpasyal pou tout prizonye, menmsi se prizonye politik, ak bonjan dwa pou avoka defans kòm dwa pou ale nan yon tribinal dapel ki piwo epi endepandan. Libere tout prizonye politik ki an detansyon endefini san yo pa janm enkilpe y oubyen ki an detansyon pwolonje san yo pa janm ale devan jij amwenske yo mennen yo nan tribinal nan yon mannyè ki rapid epi enpasyal. Asire jijman sa a yo fèt an akò ak estanda entènasyonal rekoni parapò a jijman ki enpasyal, kòm pa egzanp Atik 14 nan ICCPR, yon akò peyi Dayiti ratifye.

#### **5. Kwape maspinay ak move tretman**

Pran mezi imedya pou kwape maspinay ak move tretman, kòm pa egzanp lè yo bay prizonye move swen medikal oubyen lè yo kenbe y nan move kondisyon ki menase vi y. Entwodwi gadfou adekwa pou kwape abi sa yo a lavni kòm pa egzanp bay tout prizonye aksè a avoka, fanmi y epi sèvis medikal.

#### **6. Kwape egzekisyon ekstrajidisyè**

Pran mezi imedya pou kwape egzekisyon ekstrajidisyè an akò ak Prensip Nasyonzini parapò a Prevansyon Efektif ak Ankèt sou Egzekisyon Ekstralegal, Abitrè e Ekspeditif. Mezi sa a yo fèt pou enkli :

- Kondanasyon enèjik e piblik egzekisyon ekstrajidisyè ;
- Pwoyibisyon legal e klè parapò a ofans sa a yo epi asire y ap jwenn pinisyon apwopriye ki koresponn a gravite y ;
- Asire moun ki an chaj fòs sekirite mentni kontwòl estrik pou asire ofisye anba lòd yo pa komèt egzekisyon ekstrajidisyè.



- Asire ofisye k ap ranfòse lalwa sèvi ak fòs sèlman lè sa estrikteman nesèsè epi sèvi ak fòs ki minimòm selon sikonstans y ap konfwonte; yo fèt pou itilize fòs mòtèl sèlman lè sa estrikteman nesèsè pou pwoteje lavi;
- Prezève evidans medikal jiskaske yon doktè kalifye, ki kapab fè travay li ak enpasyalite, fè yon otopsi adekwa.

### **7. Kwape vyolasyon sou dwazimen fanm**

Genyen nesèsite pou fè efò espesyal pou konsyantize fanm parapò a dwa yo epi tou pou konsyantize sosyete ayisyen an jeneral sou responsabilite l pou respekte dwazimen ak libète fondamantal fanm. Yo fèt pou entegre konsiderasyon pou dwazimen fanm nan tout pwogram sou edikasyon epi fòmasyon nan nivo nasyonal.

Gouvènman enterimè a fèt pou pran mezi espesyal pou respekte Deklarasyon Nasyonzini sou Eliminasyon Vyolans Kont Fanm. Mezi sa a yo fèt pou enkli pwoyibisyon klè kont vyolans ki sible fanm, keseswa an prive oubyen an piblik. Gouvènman enterimè a fèt pou mete priyorite sou pwojè devlopman k ap bay aplikasyon dwazimen jarèt, espesyalman lè sa afekte fanm ak tifi.

### **8. Ankèt sou abi**

Tout plent ak rapò sou vyolasyon dwamoun fèt pou envestige nan yon manyè ki rapid, enpasyal epi efektif pa yon enstitisyon ki endepandan parapò a moun yo di ki ta responsab epi tou ki genyen resous ak pouvwa pou fè ankèt sa a yo. Yo fèt pou pibliye metòd ak rezilta ankèt. Yo fèt pou bay moun ki pote plent, temwen ak zòt ki an danje pwoteksyon kont entimidasyon ak zak revanj.

### **9. Jije responsab yo**

Moun ki responsab vyolasyon dwamoun fèt pou mennen lajistis. Prensip sa fèt pou aplike nan ka tout vyolatè prezime kelkeswa kantite tan ki pase depi krim sa a fèt. Jijman fèt pou ekitab epi an akò ak estanda entènasyonal. Vyolatè pa fèt pou benefisye mezi legal ki kapab bay yo egzanpsyon parapò a pwosekisyon kriminèl oubyen kondanasyon.

### **10. Responsabilite endividyèl**

Pwoyibisyon kont vyolasyon dwamoun fèt pou enkli nan fòmasyon tout ajan leta kòm ofisye lapolis, ofisyèl jidisyèl epi gad prizon. Ofisyèl sa a yo fèt pou resevwa enstriksyon sou dwa epi responsabilite yo genyen pou refize obeyi nenpòt lòd pou y patisipe nan vyolasyon dwamoun.

### **11. Peye reparasyon**

Viktim abi sou dwamoun oubyen depandan y gen dwa pou y resevwa koreksyon ki ekitab epi adekwa nan men leta ; dwa sa enkli konpansasyon finansye.

### **12. Bay bonjan fòmasyon**

Asire fòmasyon tout manm lapolis epi gad prizon enkli pwoyibisyon kont maspinay, egzekisyon ekstrajidisyè ak lòt vyolasyon dwamoun. Fòmasyon sa a fèt pou l baze sou estanda entènasyonal parapò a tretman moun an detansyon epi isaj lafòs ak zam afe pa ofisyèl ki ranfòse lalwa; pami estanda sa a yo genyen Kòd Nasyonzini sou Konpòtman Ofisyèl ki Ranfòse Lalwa; Prensip de Baz Nasyonzini sou Isaj Lafòs ak Zam Afe pa Ofisyèl ki Ranfòse Lalwa; Prensip Nasyonzini sou Prevansyon Efektik ak Ankèt sou Egzekisyon Ekstralegal, Abitrè epi Ekspeditif; e Estanda Nasyonzini sou Règleman Minimòm Parapò a Tretman Prizonye.

## ***Rekòmandasyon pou MINUSTAH***

MINUSTAK fèt pou kontinye patisipe nan restriktirasyon ak fòmasyon PNH ak lòt ajan ki ranfòse lalwa epi asire antrenman sou lalwa entènasyonal parapò a dwazimen kòm keksyon imanité enkli nan fòmasyon PNH. Pou kapab asire restorasyon bonjan gouvènman, lalwa ak respè pou dwamoun ann Ayiti, li esansyèl pou rekonstwi epi antrene yon fòs lapolis ki pwofesyonèl epi anba bonjan kontwòl.

### **1. Pwoteksyon popilasyon sivil**

Devlope ak ijans yon estrateji pou pwoteje popilasyon sivil lè MINUSTAH fè operasyon ansanm ak PNH. Asire estaf MINUSTA ki nan Seksyon Dwamoun patisipe nan planifikasyon ak egzekisyon operasyon sa a yo.

### **2. Temwen ki “gade silans” pa ladan l**

Tout anplwaye MINUSTAH kòm anplwaye ki patisipe nan operasyon militè, sivil oubyen imanité, fèt pou bay rapò sou nenpòt vyolasyon dwamoun yo asiste oubyen sou rapò yo resevwa sou vyolasyon grav; yo fèt pou bay rapò sa a yo nan filyè ki klè epi apwopriye. Nasyonzini fèt pou pran mezi apwopriye kòm pa egzanp mezi prevantif, pou rezoud nenpòt vyolasyon yo rapòte, keseswa pa ajan leta oubyen lòt moun.

### **3. Responsabilite endividyèl, ankèt ak jistis**

Responsabilite endividyèl pou vyolasyon dwamoun – ki fèt jodi a oubyen anvan -- fèt pou klè. MINUSTAH fèt pou ede gouvènman enterimè a tabli pwosedi adekwa pou asire yo fè ankèt sistematik, konplè epi endepandan sou tout vyolasyon dwamoun yo di ki fèt. Misyon an fèt pou asire yo mennen tout vyolatè dwamoun nan tribinal.

### **4. Verifikasyon dwamoun endepandan epi efektiv**

Monitè sou vyolasyon dwamoun fèt pou fè ankèt, verifye yo respekte obligasyon parapò a dwamoun, epi pran mezi pou korije vyolasyon. Yo fèt pou y genyen aksè a tout sektè nan sosyete a kòm ak enstitisyon ki genyen rapò ak sa; yo fèt pou bay tout moun ki an kontak ak yo bonjan pwoteksyon.

### **5. Rapò piblik epi regilye**

Pou kapab asire efikasite l, sekirite l ak kredibilite l, MINUSTAH ak estaf li fèt pou pibliye regilyèman rapò konplè epi piblik sou aktivite l ak rezilta y; yo fèt pou distribiye rapò sa yo toupatou nan peyi Dayiti kòm aletranje.

### **6. Sipèvizè lapolis sivil entènasyonal**

Ofisye lapolis sivil fèt pou veve, sipèvize epi antrene polis nasyonal ak fòs sekirite epi verifye yo respekte estanda entènasyonal sou dwamoun ak jistis kriminel. Monitè lapolis fèt pou respekte konplètman pwosedi oubyen eleman ki gen rapò ak dwamoun kòm yo fèt pou jwenn antrenman toutan sou estanda entènasyonal sou dwamoun epi jistis kriminel; yo fèt pou y antrene tou pou respekte estanda sa a yo toutan. Yo fèt pou bay rapò konplè epi piblik sou aktivite y.

### **7. Mezi pou pwoteje dwamoun sou plizyè lane**

MINUSTAH fèt pou ede tablisman enstitisyon nasyonal pèmanan, endepandan epi efektiv pou pwoteksyon dwamoun sou plizyè lane epi restorasyon lalwa ak yon sistèm jidisyè ki endepandan epi yon sistèm jistis kriminel ki ekitab. Yo fèt pou ankouraje lòt pwosedi, kòm pa egzansp kreyasyon yon pwotektè nasyonal sitwayen (ombudsman) oubyen komisyon nasyonal, pou ranfòse respè pou dwamoun. Enstitisyon sa a yo fèt pou enpasyal, endepandan epi konpetan ak pouvwa e resous ki nesèsè pou y kapab efektiv. Yo fèt pou y an akò ak estanda entènasyonal ; men tou, yo pa la pou ranplase yon sistèm jidisyè ki endepandan epi ekitab.

## **8. Edikasyon sou dwazimen ak pwogram asistans**

Edikasyon ak fòmasyon piblik sou estanda dwazimen kòm sou pwosedi pou resevwa plent fèt pou fèt pou tout sektè, espesyalman lajistis, avoka ak ofisyèl ki ranfòse lalwa. Yo fèt pou bay lòt pwogram asistans teknik, kòm pa egzanp sou preparasyon lwa ki an akò ak estanda entènasyonal epi tou asistans pou ONG nasyonal k ap travay sou dwamoun. Sepandan, pwogram sa yo pa fèt pou ranplase yon eleman endepandan espesyalize ki la pou veve epi fè verifikasyon sou dwamoun.

## **9. Respè pou dwazimen fanm**

Mezi fèt pou pran pou garanti konsiderasyon ak respè pou bezwen espesyal fanm nan sityasyon aktyèl peyi a. Estaf k ap mentni lapè fèt pou resevwa enfòmasyon sou tradisyon kiltirèl lokal epi fèt pou respekte dwa natirèl ak diyite fanm toutan. Ekip k ap travay sou dwazimen fèt pou enkli ekspè sou vyolans kont fanm, kòm kadejak ak abi seksyèl.

## ***Rekòmandasyon pou kominote entènasyonal***

### **1. Mentni yon prezans entènasyonal sou keksyon dwamoun ki efektiv epi byen finanse toutotan sa nesèsè ann Ayiti**

Nasyonzini fèt pou mentni yon atansyon ki konsistan epi aktif sou keksyon dwamoun ann Ayiti. Seksyon nan MINUSTAK k ap okipe dwamoun fèt pou jwe yon wòl esansyèl parapò a siveyans epi repòtaj sou vyolasyon dwamoun ann Ayiti kòm sou pwomosyon respè ak pwoteksyon dwamoun. Prezans li pandan epi apre tranzisyon ki pral mennen peyi a nan yon sistèm demokratik toujou rete esansyèl e li fèt pou resevwa bonjan estaf ak finansman. Kominote entènasyonal la fèt pou l pare pou kondane piblikman vyolasyon dwamoun pandan e apre pwosesis tranzisyon an epi asire tou yo pral aplike rapidman e konplètman rekòmandasyon sou refòm enstitisyonèl. Yo fèt pou analize, ranfòse lè sa nesèsè epi evalye toutbonvre tout mezi ki pran pou pwoteje dwamoun jiskaske misyon an fini.

### **2. Endepandans politik epi estriktirèl seksyon pou dwamoun**

Kreye pwovizyon ki asire endepandans estriktirèl klè seksyon MINUSTAH ki okipe keksyon dwamoun parapò a konsiderasyon politik misyon an.

### **3. Ede ak rekonstriksyon epi ranfòsman sistèm jidisyè e legal**

Rebelyon ame ann Ayiti pratikman detwi sistèm jidisyè a toutbonvre. Yo boule oubyen detwi anpil tribinal. Pwoteksyon dwamoun a lavni pral depann sou yon sistèm legal efektif ki ranfòse pa yon sistèm jidisyè ki endepandan, enpasyal, epi aksesib ak bonjan resous. Kominote entènasyonal la fèt pou ede nan rekonstriksyon yon sistèm jidisyè e legal efektif ann Ayiti. Sepandan, inisyativ sa a yo fèt pou fèt nan tèt ansanm ak bonjan efò gouvènman an pou mennen moun ki fè abi sou moun devan jij.

### ***Rekòmandasyon pou Nasyonzini***

Konsej Sekirite Nasyonzini fèt pou ankouraje gouvènman enterimè a pou l :

- Pran mezi imedya pou l aplike tout rès rekòmandasyon Ekspè Endepandan, Lwi Jwanè, te fè kòm respè pou endepandans sistèm jidisyè epi restriksyon sou isaj lafòs pa ofisyèl ki ranfòse lalwa an akò ak estanda entènasyonal ;
- Tabli imedyatman pwosedi ki asire tout vyolasyon dwamoun yo di ki fèt ann Ayiti pral envestige toutbonvre nan yon fason ki endepandan e konplè epi ki asire tou yo pral mennen moun ki responsab nan tribinal sivil kote yo pral resevwa jijman ekitab ki satisfè estanda entènasyonal.
- Pèmèt viktim vyolasyon dwamoun ak fanmi y jwenn koreksyon jidisyè ki enkli konpansasyon tou ;
- Garanti pou tout moun ann Ayiti genyen dwa pou y pale libelibè epi pou y fè asosyasyon san yo pa pè arasman, arestasyon, maspinay oubyen move tretman, detansyon abitè kòm egzekisyon ekstrajidisyè.